

# Imana Yo Mutunzi W'Imbabazi

Phoenix, Arizona, USA

19 Nzero 1965

1 Murashobora kuvyagira. Nari ... natwawe cane n'umunezero ninjiye nkabona Mwane Data Moore n'abandi bose hano ku gicaniro, abagenzi maze imyaka itari mike nzi. Koko, n'iteka kubabona hano kano kagoroba. Ni nk'ahonyumva ko ntabereye kuba mpagaze aha no kwigisha hari abanyatewologiya nk'aboinyuma yanje, kandi kumbure baraza kunkosora ninihenda. Ndavyizeye.

Turahimbawecane iri joro kuba turi kumwe n'umuntu umwe hano, Mushiwacu Rose. Twarikoturamanuka ... Nari kumwe na mwene Data Shores n'umwunganizi wiwe, uyu musi, tugiyekwivuna umusase. Turimunzira, mwene Data Williams aca avuga ko Mushikiwacu Rose arwaye cane. Twaciyetujayo kumuraba akanya gato gusa, turapfukama. Kandi yari afise umururumbomwishi, arwaye pe. Amasengesho y'amajambo make gusa, maze Umwami Aca Avugananatwe, avuga ngo "agiye gukira." Ati "Azoba ari ho ari ejo ku mugoroba," ni kovyavuzwe. Kandi ng'uyu, yicaye aha. Ni vyo.

2 Mushikiwacu Rose, haguruka gato, kugira ba...TurakengurukiyeUmwami. Yari uwo kuguma mugitanda. Yavuga ngo "U—umurwanizi aguma amburagizamuri buri kintu. Nari naje ino none nciye ndahadwarira uku," ubwoko bw'indwarayo mu muhogo n'ibindi. Ariko Umwami Yabimukuyemwo, n'uko turanezerewe.Dukengurukira Umwami Nyagukundwa.

N'uko twagizeibihe vyiza cane. Kandi ejo mw'ijoro, ubu rero tuzoja hariya kuri-kuri Ramada.Ntimwibagire rero, ejo kumugoroba ntihazoba ari hano, hazoba ari kuri Ramada.Kandi igikorane kizotangura ijoro rikurikira. Bizobasaba kunyihanganira uwundimugoroba umwe, murabizi.

3 Rero ejo mw'ijoro na—nararenze akarimbi cane, kw'itariki yambere y'umwaka, mu buryo kanaka narihayesezerano ritoyi ko ngiye kuzandapfunya Ubutumwa buve ku masaha atatu canke ane, amasaha atanu, kumburebushike ku minota mirongo itatu canke mirongo ine. Kandi nk'uko nabibabwiye ejomw'ijoro, kuw'iyinga uheze umugore wanje yaragize icabimbwiyeko, ati "wabishoboyepe." N'uko—n'uko rero, nta nkeka ko ejo mw'ijoro naciye ndavyonona, murabona.Namazemiminota mirongo itanu n'itanu, ha kumara mirongo itatu, ejo mw'ijoro.

Turiko turaza, uyu mugoroba, Billy yagize ati "Uza kuvuga kubiki?"

Navuze nti, "Emwe,ndafise ibintu bikeye bitobito nanditse hano, hamwe n'ivyanditswe binaka.Sinzi, ni muri ivyo, ubutumwa bushika bune canke butanu butandukanye." Nti "Niyumvako ninamanuka ngashika hariya nza kuraba uko bimeze."

Ati "Wasezeranyegusengera abarwaye bose."

Nti "Ego, cane. Watanze amakarataangahe?"

Ati "Amajana abiri."

Nti "Vyombera vyiza ndabatanguye kanokagoroba."

Aca avuga ati "Wibukerero, ko ufise iminota cumi n'itanu gusa yo kuvugamwo." "iyindi isigayewayikoresheje ejo mw'ijoro." [MweneData Branham n'ikoraniro baciye batwenga.—Umus.]Ntegerezwa kwihuta, none sivyo?

4 N'uko rero, twarabasezeraniye ko twosengeye abo bantu bafiseamakarata y'amasengesho, kandi dute—dutegerezwa gushitsa isezerano, ata nkeka.Ntitwoshobora kubazana bose baciye muri iyi mirongo, kandi sinonashoborakubahamagara umwe umwe bari mubibanza. Naho Mpwemu Yera Yoba Abimpaye, ntavyono—noshobora, kubikora. Birandengeye jewe. Kandi, ariko twese turamenyereyeivyo bintu. Turazi ko Imana Ikiri Imana. Ivyo sivyo bikiza. Ico biri n'uko vyovyubaka ukwizera, bikadutuma tumenya ko—ko turi mu Nyonga ziWe.

Kandi turaza, irijoro, gusengera abo bose barwaye, umwe wese muri abo bafise ayo amakaratay'amasengesho, bo gusengerwa. Hanyuma rero ejo mw'ijoro, hariya kuri Ramada,tuzogerageza gutanga ayandi duce dutangura kubasengerera hariya, kukondacasigaranye ejo mw'ijoro. Kandi ndibaza ko nfise igikorane kimwe c'ijoromuri (biriya)bikorane, kumbure n'ikindi co mugatondo. Bizovana n'ingene ibintuvyifashe.

5 Hari bamwe, umwe mubazovuga atigeze agaragaragara;ntaragaragara gushika ubu, sindavyibaza. MweneData Humburg, canke yo ari...[MweneData umwe avuze ngo "Amburgy."—Umw.] Amburgy, Amburgy, Kash Amburgy. N'ukuvugako nda—ndarivuga nabi, n'ukw'iryo zina ari iry'Ikidagi. Ni—nibaza kw'ico ariIkidagi. Rero birahava binsaba kumbure ko ndarihinduranya vyihuse [pinch-hit:ijambo pich-hitter mu Congereza risigura umukinyi yasubiriye uwundi yafatiriwe gaturumbuka.—Umus.], nkuko tuvuyita, murambabarira kuba nkoreshije iyo mvugokubimwega.

Nuko, twagizeibihe vyiza mu Mwami, naho biri uko. Kuri mwese aboba ari abashitsi hano kuriyu

mugoroba, koko turanezerewe kuba muri hano, kandi twizigira ko Umwami azakubahezagira. Isengesho ryanje n'uko hatoba umurwayi n'umwe muri iyi nyubakwaaho tuvira aha uyu mugoroba, n'uko Umwami Wacu Yomanuka mu bubasha bwiWebuhambaye akaza gukiza abarwaye bose n'abababaye.

6 Hano, mumisi iheze nahora nakira umuntu umwumwe mumibonano idasanzwe, zimwe mu ngorane zikomeye tutaba dushobora gukemura. Hama bicabiguma bigwira n'ingoga gushika aho biba, Umwami Yagumye ahezagira ivyo gushikaaho tugira abantu amajana atatu canke ane barindiriye, kandi bica bitsitaza abantu kukobaca barindira. Kumbure, dufise umwanya ungana nk'uko, wasanga umuntu ategerezwakurindira nk'umwaka cank'ibiri, kugira ngo ashikirwe, murabona, mumwanya wohagati y'igikorane n'ikindi gusa, kwakira abakeneye nya mibonano. Kandidwaricara gusa hama tukitega Umwami gushika Atubwiye neza na neza ivy'arivyo.

Nta nkeka ko hariabantu bari hano kano kagoroba babaye muri iyo mibonano idasanzwe. Hari ahari? Muduze ibiganza tubabone. Ababaye muri iyo mibonano idasanzwe. Ego, bicayehariya, n'uko, kandi barazi ko ari ukuri. Turindira gusa kubona ico Umwamiavuga, ico iyo ngorane ...Kandi munyuma nategerejwe kubihagarika ino, haracyeigihe. Nacye mbwira Billy ko tutosubira imibonano y'umwe umwe.

7 Murabona, na—na—nararengeje imyaka mirongo ibiri n'itanuubwa kabiri, si kera cane, kandi ndiko ndaduga negereza ubugira gatatu. Kandidero, uko wisumbura kurusha, niko uta...har'ukuntu utaguma kumurindi wahorakokera. Intambwe zica ziba zigufi. Kandi—kandi, nta nkeka ko MweneData Mooreataco abiziko gushika ubu. A...Nibaza ko twoba dusa n'abangana.

Ariko amazi amazegutemba kuruzi ni si make kuva aho jewe na we na mweneData Brown twaza ngaha kuncuro ya mbere, hamwe na mweneData Outlaw, na mweneData Garcia, na mweneData Fuller. Sinzi niba abo bagabo boba bari hano kano kagoroba? MweneData Garcia, mweneData Fuller, mweneData Outlaw, bari hano? Muduze ibiganza niba ariho muri. Ego, ngurya mweneData Fuller, Ngira ngo, niba ntihenze. MweneData Outlaw ariaha amaja ino. MweneData Garcia, ni—nibaza ko I Phoenix yahavuye, n'aho biriuko. Nibaza kw'ari uko biri. Ya—yaravuye I Phoenix, ari I California. Koko, vyari ibihe vyiza ata nkeka, kandi ndacizera bwa Butumwa nyene nari nfisekiriya gihe, "Yesu Kristo uko yar' ar' ejo, n'uyu musu ni kw akiri, ni kwazokwama ibihe bidashira." Ndibaza ko haciye ...koko, Becky yari akiri uruyoya. Haracye hafi imyaka cumi n'icenda.

Ubu naho n'umukobwa munini, akuze, avyibushe, adateye igomwe yicaye ahantu kanaka aho, afise imyaka cumi n'icenda. Becky uri hehe? Emwe, aramara kubera ivyo mvuze. Ndibuka nkimuzanandamuteruye mukuboko. Kano kagoroba nticombera icoroshe kubikora.

8 Ndibuka ijoro rimwe, hariya kw'ishengero rya mweneData Garcia, yari akiri akana gato. Hama mvuga ndi "Dufise igikorane mpuzamakungukano kagoroba." Nti: "Ndiko mvugana n'abantu bavuga ikihisupaniya." Hama nti "Umugorewanje hano n'umudagikazi." Kandi nti "Agakobwa kanje nako n'agahindikazi," uwonawe akaba yari Becky.

N'uko nsohokanye umuryango w'innyuma, hari agakobwa kakanya megizike hanze, gaca kavuga gati "MweneData Branham!"

Nti "Sabwe, kibondo, wifuza iki?"

Gati "Ntibona kumwana wawe yerutse cane kurusha abahindi?" We afise imishatsi ishaka gusan'umuhondo, murabizi.

Hama nca mvuganti "N'umuhindikazi kuvyo akora gusa."

N'uko, dufise amashimwe, ko, kubwo kwongera kuba hano uno mugoroba. None, imbere yuko twegera Ijambo, tuwegere We, kuko ni We Jambo. Igihe Ijambo Rigizwe Irigaragara, abaari We muri Wewe.

9 Nka kumwe kwa nijoro, ku Mbutoy'umwaryana, mbega mwarabishimye, Imihezagiro y'Umwami? Ata nkeka, na—narahimbawe no kubashikiriza ubwo Butumwa. Kandi twarabonye imbuto ic'arico.

None rero, hari umutwari w'umwihariko uhari kano kagoroba, ikintu c'umwihariko koko? Kumbure bamwe muri mwebwe mwese muza kuba muri wa murongo w'abasengerwa, muvuga muti "Mana, gira impuhwe. Ninaza gusengerwa, ukwizera kwanje kuze kuduga gushitse ibisabwa." Kandi—kandi hoba hari uwufise uwiwe arwaye canke ikindi. Mwoshobora kuduza ibiganza kugiro ngo Imana Irabe hasi hama Ivuge ...None niba ivyo...Ntimuzi ingene ivyo bituma niyumva ndavye ngaho. Murabona? None niba ivo bituma jewe niyumvugutyo, Data Wacu we bimugira gute? Nta nkeka.

Ubu rerodusenge.

10 Yesu Mukunzi wacu, aka kanya twegerereye ya Ntebe Ihambayey'imbabazi biciye muri iri Zina Rihagije muri vyose. "Kuko ata rindi Zinaryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo, Atari Iri ry'Umwami Yesu". Kandi tujemw'Izina ryiWe. Kandi turasenze, Data Wo mw'Ijuru, ngo Utwakire uyu mugoroba, nk'abana baWe

bizera. Maze Uharire ukutizera kwacu, Mwami. Fasha uyu mugoroba, kugira bikunde tuze kwizera bitagabanije, buri Jambo ry'Imana uno mugoroba, kubw'ivyo vyose dukeneye.

Urazi ibiri musiy'aya maboko yadugijwe; hari indwara, bamwe zoba ari ingorane zo mu ngo, abandizoba izijanye n'amafaranga, abandi baradendebukiwe, kumbure abandi barasubiyeyinuma, abandi n'abanyavyaha. Igikenewe ukwo kiri kwose, Urarengeyekugereranywa n'umwansi uwariwe wese. N'uko turasenze, Mwami, ngo—ngo uyumugoroba, dutahure ko buri mwansi wacu wese yaneshejwe, n'urupfu narwo nyene. Kandi ko turushirije kuba abaneshi mu Wa—wadukunze Akitanga kubwacu, Yatwokejemo Maraso yiWe.

11 Turasenze Mwami, ngo ukutizera kwose, ugukekeranya kwose, ukudurumbana kwose, icocose kinyuraniye n'Imana, kiduhunge uyu mugoroba, kugira ngo Mpwemu Yera Ashobore kwiganzira imitima yacu. Avugane natwe muburyo bw'akataraboneka. Avugane natwe mu Bubasha bwiWe. Azure abo ba—bapfuye muburyo bw'impwemu, Agarukanire amagara meza abo barwaye kandi bababaye, ahagarike yemye amaviaregarega n'amaboko adendebukiwe aregeye. Kandi ube umwanya w'akanyamuneza.

N'ibitangure iri joro, Mwami maze vyimukire kw'ihoteri Ramada, hama bitanguze rimwe mumahuriro ahambaye yigeze kugirwa muri iki gisagara. Mwami, mu gihe dukoraniye hamwe tugasenga! Wavuze Uti "Abantu bitirirwa Izina ryanje, n'ibakoranira hamwe bagasenga, Nzobumva ndi mw'Ijuru." Mana, turasenze ngo bibe bityo iri joro.

None Data, nitwasoma Ijambo, ntan'umwe ashobora kurisobanura Atari Wewe, ni Wewe ubwa We Wisobanurira, kandi turasenze ngo Uze kudasobanurira ivyo tuza gusoma iri joro. Kuko tubisavye mw'Izina rya Yesu. Amen.

12 Rero, niba benshi muri mwebwe bakunda kwandika ivyanditse umuvugabutumwa asoma. Kandi noshima ko mubikora iri joro, niba muvyipfuzwa, muzingurure mu Banyefeso.

Kandi narikomvuga, kuwiyinga uheze ku Banyefeso, ingene igitabu ca Yosua cari Abanyefesoco mw'Isezerano rya Kera, n'ingene ari igitabu co gucungurwa.

Gucungurwa nakwogufise ibice bibiri bitandukanye: "gusohoka uva" no "kwinjira mu." Ubwa mbere utegerezwa gusohoka. Abantu bamwe bashaka kuzana isi bayinjiranye; yamarabisaba gusohoka ukava mw'isi, kugira winjire muri Kristo. Utegerezwa kusohokauva mu kutizera, kugira winjire mu kwizera. Utegerezwa kuba atakikuzibiye. Kugira vy'ukuri uronke ukwizera nyakwo, utegerezwa neza na neza gusiga inyuma ikintu cose kinyuranye n'Ijambo ry'Imana, kugira winjire mu kwizera.

Ico rero cari igitabu c'Abanyefeso co mw'Isezerano rya Kera, Yosua. Aho Mose yagaragaza ivyagezwa, bitashobora gukiza umuntu n'umwe; ariko Ubuntu bwari bubishoboye, kandi aha Yosua n'Ijambo rya Yesu, "Yehova-Umukiza".

Kandi ubu naho, dusangayuko twashitse kubandi Banyefeso, iyindi Efeso kano kanya. Aho, mumadini yacu y'amanabwenge n'ibindi, n'indinganizo zacu zo kwigisha zose vyashitse kuri Yorodani ya—ya vyo, rero duca dutegerezwa kuronka A—Abanyefeso ubugira kandi. Tubwirizwa kuronka ukuvayo, "gusohoka uva" no "kwinjira muri", kubw'izamurwa.

13 N'uko tugiye gusoma, iri joro, mu ba kigabane ca 2 c'Abanyefeso. Nariko mvuga ivyo kugira mushobora gushika aho—aho hantu, canke muzingurure muri ico kigabane.

Mwebwe, Namwe yarabagize bazima, hamwe mwari mupfuye mwishwe n'ibicumuron'ivyaha vyanyu, ivyo mwagenderamwo kera, nk'ukw ivy' iyi si bigenda, mwumvira umwami w'abaganza ikirere, ni we mpwemu ikorera mu bantu b'intabarirwa.

Kandinatwe twese twahora muri bo kera mu kwifuzwa kw' imibiri yacu, tugakora ivy'imibiri n'imitima vyacu bigomba, kandi mu kameremere kacu twar' abo kurakirwa, nk'abandi bose.

Arikw'Imana, kukw ar' umutunzi w'ikigongwe, kubw' urukundo rwayo rwinshi yadukunze,

Hamwetwari tugipfuye, twishwe n'ibicumuro vyacu, yatugiranye bazima na Kristo (ubuntu nibwo bwabakijije;)

Nipfuzwa gutoramwongaho amajambo make, canke agace k'umurongo ku murongo, "Arikw' Imana," Imana Yo Mutunzi w'Imbabazi.

14 Ndashaka ko mwihweza ngaha, ivyo umuvugishwa, intumwa nako, Paulo, we—we, ingene yavuze kuri ibi, "Namwe Yarabagize bazima, hamwe mwarimupfuye. Namwe Yarabagize bazima, hamwe mwari mupfuye, mwishwe n'ibicumuron'ivyaha vyanyu; mwagenda nk'uk'ivy'isi si bigenda, muvy' imibiri igomba, no mugushitsa ivy'imitima igomba. Yara..."

N'igiki cateye iyompinduka, murabona? Kandi n'igiki cayiteye, "kuva mu kuba mwari mwarapfuyekera,"

mukagirwa bazima? Kugirwa bazima bisigura "guhamba ubugingo." Hariimpinduka yabaye, ukava murupfu ukaja mubugingo. Ntakindi, ntakindi kintucoshobora gushikira umuntu uw'ariwe wese, gihambaye cane, nko kumuhindura akavamurupfu akaja mu bugingo. Umuntu, mugihayobaye ariko arapfa mu buryo bw'umubiri, hama agashobora gukizwa mu buryo bw'umubiri, ico coba ari ikintu gihambaye, ariko ntacongana no mu gihe yariyapfuye mu buryo bw'impwemu hanyuma Imana Ikaba Yamugize muzima, Ikamushira mu Bugingo.

15 "Hamwe mwari mugipfuye, kera." Mwari mupfuye. Na benshi hanoiri joro, hari igihe, mashobora kuraba inyuma mugatahura ko mwari mugipfuye. Ariko none ni kuki utagipfuye iri joro nkuko vyari ico gihe? Vyari bikubereye kuba gutyo kuko wari umunyavyaha, "Ariko Imana, kukw ari Umutunzi w'Ikigongwe." Ni—n'ivyo "Imana Yabaye Umuntunzi." Ivyo twari turi vyose, "ariko Imana"! Ico cacye kizana impinduka aho nyene, "Imana Iri Umutunzi w'ikigongwe"!

Ôo, ndanezerewecane kubw'ivyo, kuba Yo Ari Umutunzi w'ikigongwe. Iyo Iba Umutunzi w'amaheragusa, Iyo Iba Umutunzi w'ibigaragara gusa, koko nikw'Iri, ariko igihambayekuruta vyose n'ukuba Umutunzi w'ikigongwe. Ôo, ese ingene iryo jambo rihambaye, ukuntu twari dupfuye!

16 Kandi, ejo bundi mw'ijoro twariko tuvuga ku kuntu urubutorutegerezwa gupfa. Na buri kintu cose gikikuje karyo kagera k'ubuzima ntigitegerezwagupfa gusa, kiranabura. Bitaboze, ntirubaho. Kubora nakwo bisigura ngo "kuzimanganaburundu: kigaherengetzwe." Kandi gushika tugeze aho ivyiyumviro vyacu bwite ubwenge bwacu bwite bikuweho vyose bikazimangana muri twebwe, aho niho akagera k'ubuzima gashobora gutangura kubaho.

Rero—rerotwoshobora, ndashobora gutereramwo inyigisho nkeyi ngaha, nayo sinda... Nibautayizera, nta ngorane. Azoba ari amahoro. Ndavyizera. Nizera ko—ko umuntu, iyo avutse muri iyi si, ko igihe uba uri akayoya, kavukiye mw'isi, ntiwarigushobora kuba ngaha, utabanje kumenywa imbere n'Imana, kuko Yo Itagira Iherezokandi Izi vyose. Kandi iyo ako kayoya kavukiye mw'isi, hariho ikintu kiba kirimuri urwo ruhinja. Niba azokwigera agira Ubugingo, hariho akantu gatoyi hariya imbere, kaba kari muri uwo mwana muri ico gihe, atinda agashikako, bitebe bitebuke. Ako kabutokari muri we. Rero hamwe mwofata ... ivyanditse biratomora ivyo.

17 Rero niba ufise Ubugingo budashira iri joro, niba ufise Ubugingo budashira, n'uko twamyehe, kuko hari ishusho imwe gusa y'Ubugingobudashira. Twamyehe. Kandi impamvu twariho, ni kubera twari agace k'Imana. Kandi Imana ni Yo gusa Ihoraho.

Kandi nka kumwe Melekisedeki Yakiririye Aburahamu ibigiracumi, maze bigaharurwa k'umwuzukuruzawiwe, Lewi, yari akiri mu bura bwa Aburahamu; yarishe ibigiracumu, ko yari akiri mu bura bwa Aburahamu aho yahura na Melekisedeki. Ndashaka kuzovuga kuri ivyo hariya hirya muri kiriya kindi kibanza, ari mu gitondo. Uyu Melekisedeki ninde? Rero ivyomuvyihweze. Imbere yaho cane, Imana Yari Izi ko uwo muhungu ariko araza. Yari Izi vyose.

Rero turi agace k'Imana. Nikwo mwamye muri. Ntavyo wibuka, kuko wari icyumviro gusa mu Mana. Wari mu vyiyumviro vya Yo gusa. Izina ryawe bwite, niba ryarigeze riba mu Gitabo c'Ubugingo, ryashizweyo imbere y'itanguriro ry'isi. Yari Izi ico wari uri.

18 Ibi ndiko ndabivuga gusa, s'ukugira ngo ncanganye inyigisho, ariko kugira ndazigore, ngo twitandukanye n'ubwo bwoba no gutinya. Ntumuziabo muri. Ntimuzoba, ariko ubu muri abana b'Imana. Murabibona, mwamye muri abana b'Imana. Murabona?

Kuko igihe Imana yari Igufise mu vyiyumviro vya Yo mu ntango, utegereza kuba, igice kanaka cawe, Ubugingo bwawe buri muri wewe kano kanya, Butegerezwa kuba Bwari kumwe n'Imanaimbere hariya. Yemwe, Igihe Ya, n'imbere y'uko Iba Iyigaragara hano kw'isi, imbere y'uko haba ikintu na kimwe, atari Imana gusa, wari kimwe mu biyigize. Yari Izi izinawokwiswe. Yari Izi ibara imishatsi yawe yogize. Yari Izi vyose bikwerekeye. Icabaye conyene, n'uko igihe wewe, mu kuba wari umunyavyaha, ...

19 Benshi muri mwebwe murashobora—murashobora kwemeranya nanjye kuri iki cyumviro. Igihe wari agahungu gato, canke agakobwa gato, waraja hirya hino kandi hariho ibintu kanaka vyari gusa, aho ataco vyaba bitwaye abandibana, wamenga hari ikintu muri wewe caca gisemerera. Imana niho Yaba Iri ahantukanaka, naho wari umunyavyaha. Muravyibuka? Ata nkeka. Ubu rero, kirya cari igiki? Yari yashusho y'Ubugingo muri wewe kiriya gihe.

Hanyuma rero, hacye igihe warumvise Ubutumwa bwiza. Kumbure waraja gusenga, ugatoramwo aka na kariya, kandi wavuye mw'idini uja murindi. Ariko umusi umwe, kukwari agace k'Imana, wategerezwa kuba agace k'Ijambo. Kandi igihe wumva Ijambo, urazi iyo wavuye, waramenye Ukuri ukw' arikwo. Wamye uri, urubuto rwamye rurimuri wewe. Ijambo ryabonye Ijambo Ryari muri wewe, Ryari aho guhera imbere y'itanguriro ry'isi, Ryabonye Ijambo maze uca uza kuri Ryo.

20 Ni nka ya nkuru yanje y'umuswi w'inkona, ingene uwo muswi w'inkona wabereye n'inkoko. Maze uwo muswi ukagenda n'imiswi y'inkoko, wo, inkoko yaragogoze ntutahure ukwogogozwa kwayo. Kandi

—kandi imiswi y'inkoko, infungurwa zayo, yazironka inyuma y'urugo,wo—wo ntiwabitahura, ingene yabigenza. Ariko hariho ikintu muri wo, wasan'uwutandukanye n'ico uwo muswi w'inkoro wari uri, kuko na kare wari inkona. Nivyo. Umusiumwe, nyina wawo iza kuwuhiga, hama, aho yumva ako kamo k'inkona, ntikasa na kwa kugozakw'inkoko.

Kandi uko birikuwizera wese yavutse ubwa kabiri. Urashobora kwumva inyigisho ndoramana (tewolojiya) zoseushaka kwumva, hamwe n'umwaryana wose wakozwe n'abantu, ariko iyo iryo Jamborimuritse aho, hari ikintu gica kigucakira, ukaza kuri Ryo. "Hamwe mwarimugipfuye mu caha (ubwo buzima), Yabagize bazima." Hategerezwa kubanza kubahoUbugingo bwo kugira buzima. Imana, biciye kukumenya imbere kwaYo, Yari Izivyose. Kandi twari twarategekanirijwe ishikiro ryo kuba abahungu n'abakobwab'Imana. "Hamwe mwari mugipfuye, mwishwe n'ivyaha n'ibicumuro vyanyu, ivyotwese twagizemwo kahise kacu, ariko Yatugize bazima."

21 NimwitegerezePaulo, mugihe Paulo yari umunyatewolojiya ahambaye. Ariko aho yahura imbanankubone n'iryo Jambo, Yesu, Ryaciye Rimugira muzima. Yaciye aronka Ubugingobukwi na bukwi, kubera ko yari yateguriwe kuba ukwo. I...yari agace k'Ijambo;kandi igije Ijambo Ryabona Ijambo, yari kamere yiwe. Ukugogoza kwose kw'inkoko,muma dini asanzwe amenyerewe kwabaye ukw'ubusa kuri we; yari yabonye Ijambo.Cari igice ciwe. Yari inkona. Ntiyari umuswi w'inkoko; yari kumwe n'imiswiinyuma y'urugo gusa. Ariko yari inkona uherye mu ntango.

22 Narumvise agakuru gasa n'ako, nizere ko bidahava vyumvikananko kurogota, kerekeye agaswi k'imbata kabera guwe n'inkoko, igihe ikimwe.Ntiwashobora gutahura. Kari akantu gatwengeje, kisa, hama ntigatahure ivyo[gusura] umukungugu n'ibindi. Zakinira inyuma y'urugo. Ariko umusi umwe, yankoko ishaje itwara imiswi hanze hirya y'urugo, hama gaca karamoterwa n'amazi.Yemwe, kacye kiruka kagana ayo mazi n'inguvu zako zose. Kubera iki? Ntikaribwigere kaba ahari ikidengeri imbere y'aho. Ntikari bwigere kaba mumazi. Arikokari imbata, kare hose. Ico kategerezwa gukora conyene kwari ukwitahura.

N'uwizerani nk'uko nyene amera. Hari ikintu muri we, gituma, iyo ahuye n'Imana imbonankubone, aca yitahura. Rwarubuto ruba ruri muri we, maze rugaca rugirwa ruzima. Bashahu, ni vyo, kandiaca aguruka akava muvy'isi. Bica biba ivyapfuye kuri we. Bashahu, Ndibuka,twese hari ubuzima twabayemwo muri kahise, muri ivyo bintu vy'isi. Ariko tumazegucakira ca Kintu nyaco, ikintu catugize bazima, akabuto gacika kazima, ahoreru ivy'isi vyose vyacye bibora ubwo nyene. Ntitwari tukivyipfuzwa.

23 "Uwavyawe n'Imana wese, ntake icaha. Uwusenga amaze guhanagurwa rwose rimwe, ntabaakigira umutima uriw'ijwi rimwagiriza icaha, ntaba acipfuzwa gukora icaha."Ikibazo c'icaha kiba kirangiye. Uca ucika igice c'Imana, muri Kristo. KristoYapfuye ngo Agucungure.

Aka kanya,iyumvire ivyo tuba twarabaye vyose iyo tutahabona Imana. Ariko Imana, muKigongwe caYo kigwiriye, ingene Yaducunguye kuri uno mugoroba! Twari kuba turihehe kuri uno mugoroba iyo kitaba ikigongwe kigwiriye c'Imana kuri twebwe?

Igihe kimwe isiyari yuzuye ivyaha cane, ku buryo umuntu yari yatumye ukwononekara (iborero)kuza kw'isi bituma n'Imana Ibabazwa n'ukuba Yaragize umuntu. Umutwe wose wari igisebe kinuka, umubiriwose, kandi Imana Yarababajwe no kuba Yaragize umuntu. Maze Ivuga Iti:" Ngiyeguhonya umuntu Naremye." Igiye kubahonya kuko atakindi afise atari ukwononekaragusa.

Kandi ubwoko muntu bwose bwari gukurwaho icogihe, ariko Imana Umutunzi w'ikigongwe, Ntiyari kureka ngo uwutacumuye ahonerehamwe n'abacumuye. Kandi Yaciye Igendahama Iraca inzira yategekanijwe ku bari bashaka kwinjira, abari bipfuzwa gukoraibigorotse. Yoyo, Yaciriye inzira y'ikigongwe kubw'abo bari bipfuzwaikigongwe, Yaciye Itegura ubwato. Mu yindi mvugo, Yashize amababa kanaka kunkona zaYo, yotumye zishobora kugurukira hajuru y'urubanza, maze ntizitwarirwen'amazi hamwe n'inkoko. Ariko Ya—Yaraciye inzira y'ubuhungiro, mumisi ya Nowa.Ico CaraYitumye Ikora ivyo, Ibitegekanya, kuko Yari Umutunzi w'ikigongwe.

24 Ariko Imaze gutegekaniriza inzira abantu, hanyuma bakayanka,erega igituma bayanka n'uko atanakimwe kiri muri bo co kuyakira. Ntanakimwegiharo co kuyakira. Mama wanje yarakunda kuvuga ati: "Ntiwoshobora gukuraamaraso mu mboga zitukura, kuko ntamaraso aba mu mboga zitukura." Rero, iyo atamero n'imwe y'Ubugingo ihari yo kuYakira, aho ntIshobora kwakirwa.

Iyo ni yo mpamvuabafarisayo bashobora kuraba Yesu, neza na neza mu maso, bagaca baMwita, "Beyezebuli,"kuko atanakimwe cari muri bo co kuMwakira. "Ariko abo Data Yampaye bose," nikoYavuze, ati: "bazoza kuri Jewe." Hari—hari ukuntu kanaka bizoshikirizwa.

25 Hari igihe ushoborakuvugisha abantu ku mabarabara, ubabwira ivy'Umwami, bagutwenga imbonankubone.Yemwe, twabwirizwa kubikora, naho biri ukwo. Yamara mwumve, "Nta n'umweashobora kuza kuri Jewe Data Atabanje kumukwegera." Imana niYo Itegerezwagukwegera. Hategerezwa kubaho Ubugingo kanaka. "Kandi abo Data ampa bosebaranshikira."

Yarategekanijekubw'abo bashaka gucungurwa. Yarategekanije kubw'abo bashaka gukira

indwara. Kandi rero kubera Yakoze ivyo, biMugira Umutunzi w'ikigongwe, nk'uko Yamye IriUmutunzi w'ikigongwe. Ni ngombwa, iyo wanse iVyo, ntakindi kiba gisigaye atariUguca amateka, kuko icaha giterezwa gucirwakw' iteka.

Farawo, aho yajamu ki—kiyaga, nk'uwigana, abona ko yocinjiramwo nk'uko Mose yagize. Mose, hamwen'igisirikare ciwe, na Farawo hamwe n' igisirakare ciwe, bompi bari guhonera mukiyaga, niko vyaboneka. Ariko Imana Umutunzi w'ikigongwe, Yaraciriye icanzo abanab' abuheburayo, (kuki?) kuko bariko bakurikira bari mu murongo w'ico bajejwe, bariko bakurikira bari mw'Ijambo.

Rero ubwo ni bwi buryo bwo nyene bwo kuronkaikigongongwe, n' ugukurikiza amategeko Imana Yaduhaye ngo tuyakirikize. Ahoniho ho nyene Ishobora kwerekana ikigongongwe, ni mugihe dukurikije ivyo Yatugeze.

26 Ni nka kumwe twaharira gatoyi mu minsi iheze, n'umuvugabutumwayaruko avuga ko jewe, nigisha Inyigisho y'intuma mu iki gihe. Ndibaza konabivuzeko ejo canke hirya y'ejo mw'ijoro, canke igihe kimwe, ingene yambwiyeati "uriko ugerageza kwinjizaa Inyigisho y'intuma muri iki gihe cacu." Ati "Igihec'intumwa caheranye n'intumwa."

Nacye ndamubaza nti: "None mbega, urizera Ijambo?"

Ati "Ego."

Nca mvuga nti "Ivyahishuwe 22:18 havuga hati, 'Nihagira uwukurako ijambo na rimwe kuri Ibi, canke akongerako ijambo na rimwe kuri Ibi,' atari n'amajambo abiri; ijambo rimwe, gukurako ijambo rimwe."

Ati "Ivyo ndavyizera."

Nca mvuga nti "Ahorero, ndashobora kukubwira aho igihe c'intumwa catangiye, aho Imihazagiroy'intumwa yaherewe Ishengero; maze unyereke aho Imana Yayikuye mw'ishengero, ukoresheje Ijambo. Ntavyo woshobora; nta hahari." Navuze nti "Ubu rero, wibukeko Petero ku Musi wa Pentekote, niwe yari a—ajejwe gutanguza igihe c'intumwa. Aca ababwira bose ngo 'mwihane, hama mubatizwe mw'Izina rya Yesu Kristo ngo muboneguhagarirwa ivyaha vyanyu, kandi muzohabwa ingabire, ari Yo Mpwemu Yera. Kukwisezerano ar' iryanyu kand' ar' iry' abana banyu, n'abari kure bose, abazohamagarwabo n'Umwami Imana yacu."

27 Rero niba ushaka kwumviriza ukugogozwa kw'inkoko kanakay'ikidini, maze ukibera inyuma hariya mu bintu vy'isi, bica vyerekana ko hariikitagznda neza. kuko Iryo n' Ijambo. "Ugomba wese, arashobora kuza." Kandiniba ufise ugushaka, wari ukwiye kuza. Yamara, niba atagushaka ugira, urateyeagahunda. Ariko niba ufise ugomba kuza, ingo ukurikize gahunda w'Imana!

Kandi nti Yigera Inanirwa no gushitsa ivyo Yasezeranye. Nari muto, kandi none ndashaje, sindigera ndaYibona Inanirwa mw' Ijabo ryaYo. Kuko Yoshobora gukora ibindivyose kiretse kunanirwa. Ntishobora kunanirwa. Imana ntavyo Yoshobora. Ntibikunda ko Imana Yonanirwa, hama Ikaguma ari Imana. Itegerezwa, kugira Ibishobore.

28 Rero, igisirakare ca Farawo caragerageje kuvyigana, kukobatari barahamagawe kandi batiri bafise bwa Bugingo. Mw'i... Isezerano ntiryariryahawe Farawo. Isezerano si we ryari ryahawe, kubw'igihugu c'isezerano.

kandi uwigana, agerageza gukurikira uwizera nyawe yabihamagariye, ntakindi akora atari ukubitura. Iyo niyo ngorane y'umukorere wacu w'amadini uyu musu, n'abantubenshi bagerageza kwigana Mpwemu Yera, abantu benshi cane bagerageza kwigana umubatizo, abantu benshi cane bagerageza kwigana igihe c'intumwa. N'ivyabizera, kandi bonyene. Imana Yaraciriye inzira, Umutunzi w'ikigongwe, ngw' abana baYontibapfe rubi. Yarabaciriye inzira.

Ubu rero, Farawo ariko agerageza kuguma akurikira, yabiriye muri ya mazi nyene yakijije Mosen'umurwi wiwe. Rero, Mose yaretse kwibira kubera Imana arib'Umutunzi w'ikigongwe kur' abo bariko barakurikira inzira Yatoranije. amen.

Murabona iconshaka kuvuga? Ko, iri joro abantu batizera ugukiza indwara kw'Imana, abantubatizera umubatizo wa Mpwemu Yera, ni gute bogira ico bakiriye na kimwe? Imanan' umutunzi w'ikigongwe kuri abo baYukurikira, atari abakurikira umutegekere, ariko bakurikira Imana.

29 Imana n'Ijambo, kandi Jambo Yihaye Umubiri Abana natwe, rero, kugira Aserure ibindi bigize Imana. Umubiri, Yesu, Wari umubiri w'Imana, ikigize Imana. Mose yaraYibonye Irengana, umugongo waYo; nta mutu yari bwabonemumaso haYo. Ariko ubu twaraMubonye, twaraMwihweje, tuMubona nk' Ikimazi. Uburero, murabona, Yari icyumviro c'Imana, cagaragajwe, Ijambo. Ico nico Yari.

Kandi igihe uwizera wese aje ku Mana, acacika icyumviro c'Imana mw'Ijambo ryaYo, arakoreshwa mu kugaragaza Ijabo ryasezeranywe kuri ico gihe. Murabona? Ni vyo. Imana, Umutunzi w'ikigongwe nti Yigeze

Itureka tutagura igishingantahe. Ni Umutunzi w'imbabazi.

30 Turabona rero ko Imana Yagiriye ikigongongwe cane Mosehariya mukiyaga c'umunyu, hariya mu kiyaga gitukura, nako. Maze aho Yavugangaha, mu Kuvayo 19:4, Yavuze Iti: "Nabateruye ku mababa nk'ay'inkukuma, Ndabazanye aho Ndi. Nabateruye ku mababa nk'ay' inkukuma, Ndabazana aho Ndi!" Hariyo n'abandi bantu hagati mw'ico kiyaga hariya, bariko bagerageza kwigana. Ariko none? "Yabateruye ku mababa nk'ay'inkukuma."

Rero Imana Yamyeye, imisi yose Igereranya abavugishwa baYo n'inkona. Kandi vyari ibiki? Mose yari intwarabutumwa yaYo. Kandi bariko bakurikira Mose, kandi ayo niyo mababank'ay'inkukuma bateruweko, kuko yari atwaye ubutumwa bw'Imana. Abantu nabobabukurikira. Bariko bakurikira Imana mu gukurikira Mose afise ubutumwa bwaYobwo kubohoka. Kandi Bibiliya yavuze, "Wewe, ntibahineye hamwe n'abatizeye." Kubera, Imana Yari Umutunzi w'ikigongwe kuri bo, kuko bariko bakurikira ivyagezwe yayYo. Imana Ishaka ko dukurikira ivyagezwe vyaYo.

31 Twoshobora kuvuga co kimwe kuvya Kora no kuvya Datanin'akagwi kabo k'abantu batizera, aho bariko baragerageza kwigana. Bageragejetera ikintu mu gahunda y'Imana. Ntibashima gahunda y'umuntu umwe. Ivyontibabishima. Bategerezwa kugira ico bakora. Kora yavugaga ati: "Burya, hariho abagabo bera kukurusha, Mose. Wigira nk'uko umenga ni wewe mucanga wenyeneku... canke nk'uko umenga ni wewe buye wenyene kumucanga, nako." Kandi ati: "Na—na... Ntiwategerezwakugira ivyo. Kandi hariho n'abandi bagabo hano."

Mose nawe yari aziko ariwe ategerezwa gutwara abo bana hariya akabinjiza mu gihugu c'isezerano, kuko ariwe yari yahawe isezerano. Kandi ategerezwa kubaterura akabajana mu gihugu c'isezerano.

32 Uyu musu, naho, Mpwemu Yera Ategerezwa kwemeza Ijambo ry'Imana, ayo ninayo mababa y'inkukuma twategerezwa kugirako; si tewolojiya kanakayakozwe n'umuntu. Ariko dutegerezwa kugira ku mababa y'inkukuma tujabmu Gihugu c'isezerano.

Aha naho, baribagiye gufata umugwi w'inkoko ngaho, niko Kora yibaza, murazi, ngo zize, maze ziyigane, iyo inkona. Kandi igihe babigira, Imana Yavuze Iti: "Ni witandukanyenabo," hama Iciramira isi. Yari kuba Yamize vyose, ivyaremwe vyose, ariko Imanayabaye Umutunzi w'ikigongwe kuri abo bariko baragerageza gukurikira IjamboryaYo. Imisi yose, Imana Umutunzi w'ikigongwe. Benshi muri bo, bacye bazakuruhunde hamwe na Mose, maze Imana Yugurura isi ic'imira abatizera. Wewe, u—uwutizera, azama ahona.

33 Abo batari bizera, naho bari basohotse bakagenda umwanya umwanya muto, yamara, Yesu Yavuze ati: "Barapfuye, bose." Barapfuye bisigura "guherengetezwa." Barapfuye. Ni mubiyumvireko. Barasohotse, babona ibitangaza vy'Imana, babona ukubiko kw'inkomezi kw'Imana, baranezererwa manu; hanyuma baca baragenda bumviriza umuntu yitwa Balamu, uwo aca agoreka inzira y'Imana mukwigisha ibinyuranye n'Ijambo, "Turi bamwe twese, reka rero tuje hamwe twese".

Ng'uwo uwundimukorere nk'uwa Balamu uriko urahaguruka muri iki gihe "Reka tuje hamwe twese." Ntibizokunda, reka twese tuje hamwe n'Inkona, Yehova-Nkona. Mur imiswi y'inkona.

Ni batatu bonyenebarokotse mu murwi wose; Mose, Kalebu na Yosua. Abasigaye bose bahoneye mubugaragwa; niko Yesu Yavuze, muri Yohana ikigabane ca 6. Imana, mu kigongwecaYo, ntiYari kubareka ngo bahone, kuko, hamwe n'abasigaye batizera. Bose bapfiriye hariya nyene mu bugaragwa, kandi barapfuye. Imana Yakijije Mose n'abizera b'inkona, kubera ko bubaha Ijambo ryaYo.

34 Uyu musu naho, mugenzi, uburyo bumwe bwo gusa twoshoborakugiramwo amahirwe imbere y'Imana; Imana n'Umutunzi w'ikigongwe, uyu musu, ariko dutegerezwa kwubaha ico Yabivuzeko. Ntiwoshobora gusa, gufata ico uwundimuntu yavuze. Utegerezwa gufata ico Imana Yavuze. Yavuze Iti: "Ijambo ry'umuntu wese rifatwe kwari ikinyoma, ariko IryaNje kwari ukuri."

Uyu musu tubwirwango "Ico usabwa gukora co nyene," ahantu henshi, "n' ukwiyunga n' ishengeru, wakire i 'nemera', canke ikintu nk'ico, canke kuvuga isengesho, canke kwandika izina ryawe mu gitabu, canke kumijagirwa amazi canke kubatizwa mu buryo kanaka, canke ikintu nk'ico. Ico nico conyene usabwa gukora." Ariko ivyo sivyoye.

Kugira ube inkonay'Imana, utegerezwa gukurikira Ijambo, ku musu ku musu. Utegerezwa kubandanya, fungura Ijambo.

35 Ubu rero tubasanga, inyuma y'ico gihe, bariko baridodombakandi, bacyitse integer mu kwizera, inyuma y'aho Imana Ibagiriye ikigongwe. Ducatubasanga bariko baridodombere Imana, kandi bamaze kwidodomba, bacye bicwa nogukomora n'inzoka. Koko, bari babikwiye. Vy'ukuri bari babikwiye. Uwo wese yokoshereza Ijambo ry'Imana, agakora nk'ibi bakoze, yari akwiye gupfa. Umwe wese muri boyipfuzi, yari yari akwiye gupfira mu bugaragwa.

Yamara igihe baribagwaye cane ku buryo muganga Mose canke uwundi wese wo muri bo atana kimweyari ashoboye kubikorako, kandi hariko harapfa ibihumbi icarimwe; Ariko Imana, Umutunzi w'ikigongwe, Yaraciriye icanzo abo bari bashaka kuYizera. Yarakozeumuti wavyo, mu gushiraho inzoka y'umuringa. Imana mu butunzi bwaYo ...Imana Yaraciyeicanzo kugira ngo abana baYo bizera bashobore gukira.

Imana Iritwararitse ikintu cose kidatumbereye, ikintu cose utegekanya. Buri ntambwey'ubuzima, Imana Irakwitwararitse. Uri umwana waYo, kandi n'Umutunzi w'ikigongwe. Irashaka kugufasha.

36 Ihanga, munyuma ryaracumuye, mu gufata ca kintu nyene ImanaYari yabagiriye impongano, biciye kuri ya nzoka y'umuringa, iyo yagereranywan' icaha camaze gucirwakw' iteka, baciye bagira ikigirwamana iyo ngabire. Bababongeye gucumura. "Imana, nta n'umwe Izosangira icubahiro caYo na we." Kubw'ivyo ntidushobora kugira imana zibiri, zitatu, canke zine. Hari Imana Imwerudende. Ntisosangira icubahiro caYo n' ikindi kintu na kimwe. N' Imana, Yonyene; nka kurya abapagani bafise imana nyishi. Dufise Imana Imwe, kandintIzosangira icubahiro caYo n' iyindi, kandi ntIzorereka ikintu ic' arico cosengo kibe ikigirwamana imbere yaYo. Naho Yari yagiriye abantu impongano, kandiryari Ijambo ry'Imana, vyari ibibereye; ariko igihe batangura kugisenga nk'ikigirwamana, aho baciye binjira mu ngorane.

37 Rero n' ivyo nyene neza na neza, niko niyumvira, vyashikiyeibihe vy' ishengeru vyacu. ImanaYaraturungikiye ubutumwa bwa Maritino Luteri hamwe n'ubutumwa bwiwe, YohaniWeseleyi, ubutumwa bwa gipantikoti, ariko twabikojeje iki? Neza na neza kumwenyene bagira ya nzoka y' umuringa, twabigize ibigirwamana, ngo "nd' umunywanyiw' iki, nd' umunywanyi wa kiriya." Murabona, uba umunywanyi w'ikintu ata kwagushimika kujana n' ugusenga kw' Ijambo nyakwo kandi kwubaha Imana.

Habaye iki? Bibiliya, tubwirwa muri Bibiliya ko, "Umuvugishwa yaciye afata ca kigirwamanaaragisambura." Haleluya!

Ico dukeneye kurubuga uyu musu n' umuvugishwa yosambura ikigirwamana c' amadini, aho bibaza kobariko baja mw' ijuru bishimikije kuba umunywanyi w' i nemera canke w'idini; birakwiyegusamburwa no guturirwa, bigatabwa kure. Imana Yuzuye ikigongongwe. N' Umutunziw'ikigongwe. Iki igihe aho twari kuba twese turi muri ako kajagara k' umwijima hariya hanze, ariko Imana Umutunzi w'ikigongwe, Yaturungikiye Mpwemu Yera nyaWe w' ukuri, hamwe n'insobanuro yaYo bwite kuri We, aha nyene muri iyi nzu, buri joro. ImanaUmutunzi w'ikigongwe, ese ingene tubona ko ari Nziza cane! Ego cane.

Rero ico baribiyumvira boshobora gukora gusa kwari ukuja kuri iyo nzoka gusa, canke akokantu gato Imana Yari Yagize hariya, iyo Mose yari yakoze ayimanika ku giti, kandi barashobora gukira ata gushimika na gato. Barahaguruka gusa bakayiraba. Hama baca batangura kuyigira ikigirwamana maze Imana Irungika umuvugishwa aho aragisambura.

38 Rero, abanse kuraba ya nzoka mu bugaragwa bose barahonye. Rero Imana Irashiraho inzira ariko iyo wanse kuyiraba, ni wicara hagati mw'ibarabara, ni wumira kuri nemera kanaka ukanka gutumbera mw'Ijabo neza na neza, ngo ubone ko Rivuga vyo canke Ritavuga vyo, abanse kuraba bose barahonye. Nikobimeze n' uyu musu, co kimwe.

Maze ihangariracumura mu nyuma, kandi nk' uko bamye bagira, baca bagira ikigirwamanabakuye muri —muri ico, bakigira i—i—...kuronka, bagerageza kwironkera ugukiraindwara ata gushimika, kandi bari "abanywanyi b' ikintu kanaka", kurya tubigirauyu musu. Kandi ubu naho turabona, itandukaniro ryavyo, ryari uko Imana...

Yari imponganziza n' ikimenyetso ciza muri kubw' ico gihe. Ico gihe vyari vyiza. Arikocategerezwa kuba ic' ico gihe gusa, kubw' urwo rugendo. Aho niho kizokorahonyene, muri urwo rugendo.

39 Ubutumwa Martin Luther yazanye nabwo, bwogutsindanishirizwa, bwari bwiza kubw' igihe ca Luther. Aho niho bwagarukiye.

Ukwezwa vyarivyiza mu gihe ca Weseleyi. Aho niho bwagarukiye.

Hanyuma tugaca tuzamu gihe ca gipantikoti. Kandi ukugarukanwa kw' ingabire n' ikintu ciza cane, vyari vyiza mu gihe cavyo, ariko ubu turiko turabirenga. Turabirenga, ukwo n'ukuri nko kurima. Dutegerezwa gucika abarenga ivyo, kuko twagize co kimwe nabimwe bagira imbere y'aha, kubigira ikigirwamana. "Nd' umunywanyi wo muri ururugero rwa vyo, nd' umunywanyi wo muri ruriya rugero rwa vyo."

Imana Izorongika umuntu azomena ico akigire ubuvunji, hama Yemeze Ijambo ryaYo, Ijambo Ryuzuye. Ni mwihweze. Imana Ishimwe! Reroturabona ko ivyo ari ukuri. Imana, Umutunzi mu mbabazi zaYo!

40 Maze aho umuvugisha yasambura ico, basigaye ata kimenyetso'ugukiza indwara canke c'impongano bafise, kuko ico kigirwamana cabo caricasambuwe. Ariko, Imana Umutunzi w'ikigongwe Yarabashiriyeho ikindi. KandiYakoresheje iki? Yazikurura amazi mu kidengeri co ku rusengeru, kandi benshibaraza bagakira,



mu gutambukira muri ayo mazi. Yesu yarashitse kuri icokidengeri, hama Abona umuntu yari amaze imyaka kanaka aryamye aho, arindiriye ukuzikuruka kw'amazi. Murabona Imana, Umutunzi w'ikigongwe! Naho bagize ikigirwamana ca kintu, nahoumuvugishwa yakigize ubunwenwe, Imana Yarabashiriyeho iyindi nzira, kuko ari Umutunzi w'ikigongwe. Ishaka ko bakira kandi Yarashizeho inzira y'ugukira kwabo.

Rero, maze ivyobvyarabandanije, isi yagumye yuzura ivyaha kurusha no kurushiriza, buri gihe. Kandi kumperuka isi yaruzuye ivyaha ku buryo Imana Yari gushobora kuyihonya, Yavuze muri Malaki 4, "Ngo noye kuzoza ngateza isi umuvumo." Yari gushoborakubikora; nico kibazo gusa.

41 Ariko rero, Imana umutunzi w'ikigongwe, Yaciye Irungika Umukiza, Yesu Kristo. Yarungitse Yesu kuba vyompi, Uwutanga agakiza n' uwukizaindwara. Kuko Yavuze Ati: "Uko Mose yamanitse ya nzoka y'umuringa mu bugaragwa, nik' Umwana w' Umuntu Akwiye kumanikwa," kubera ya ntumbero nyene. We mponagano, ico nico dushobora kwishuza, nta kindi atari impongano. Ico Yesu Yatangiye ikiguzi c'Amaraso YiWe, nicotwishuza. Kandi Bibiliya Yavuze ngo "Yacumitiwe ivyacu bicumuro, Yajanjaguriwe ivyacu bigabitanyo: igihano kituronkesha amahoro cabaye kuri We, kandi imishishagu yiWe ni yo idukiza (indwara)." Ivyo nivyo dushobora kwishuza, kuko ivyo nivyo impongano twemangira yatingiye ikiguzi kubwacu. Imana Umunzi w'ikigongwe!

Iyo Yategerezwakuba impongano Ihoraho, kuko Yariyiziye UbwiWe. Imana Yaraje UbwaYo, mw'ishushoy'umubiri w'icaha, ngw' Igire i—i—i—impongano Ihoraho; Ica Yongera kugaruka mw'ishusho ya Mpwemu Year, ngo Yemeze yampongano. Ivyo ata nzoka y'umuringa kandiata mazi azikuruka yari kubishobora, vyose vyerekaza kuri ya Mpongano Itunganye. Imana Umunzi mu kigongwe caYo, Yarakoze ivyo.

42 Ubu, uyu musu, kuko arico gihe tubayemwo, twaraciye muri ivyo bihe vy'ishengero, kandi insiguro zacu zose zaciye kuruhande Ico. Abanyatewologiya bacu ba kino gihe, urwo ruhande rwaCo barutakarije kure. Ba Gisiguraba Gishira hirya, mu yindi misi, mu kindi gihe, ahandi kanaka, kera, haciye igihe kinini. Kandi ugukira indwara muburyo bwa Kimana habura gato ngo kube ikintu carenganye, vyari bigoye kuronka umuntu yizera ugukira indwara mu buryobwa Kimana. Abapantikoti basa n'ababivuyeko. Bari babitanguye mu misi ya mbere, ariko baciye babiheba.

Raba ingene babigize. Ubu binjiye mu buzumire bw' amadini, birukanga kwigirira, umwe wesenemera yiwe, n'ibindi. Kiretse, aho kwakira Umuco, uk' Uje muri bo; baciye bitunganya hama bigirira za nemera, uwuje wese yishiriraho inyigisho hama akaguma muri iyo nyigisho. Hanyuma barakuraho ibitari bike kugera n'aho Mpwemu Year Atari Agishobora kwinjira mw' ishengero. Baca bacika ikindi kigirwamananka ya nzoka y'umuringa, vyaciye bicika u—ugusenga ibigirwamana. Umuntu wese akavuga ati "nd' umunywanyi w'iki, nd' umunywanyi wa kirya." Kwari ugusenga ibigirwamana. Ese akajagari twari turimwo, mu gihe c'iherezo.

Yamara Imana, umutunzi w'ikigongwe Yongeye kuturungikako Mpwemu Yera, kandi Yemeza IjamboryaYo iri joro nk'uko Yasezeranye ko Yobigenjeje. Imana yarasezeranye ko Yokoze ivyo bintu. Ihweze ivyo Yakoze!

43 Raba ivyo Yakoze, ingene ubu dushobora kubona ukuntu Yasezeraniye buri gihe ko ikintu kanaka coshitse. Kandi dusanga cashitse nezana neza uko nyene, uko Yavuze Yogikoze, kuko Yo ari umutunzi mu kigongwe caYo, Ikama Ifise ikigongwe gituma Ishitsa buri Jambo Yasezeranye. Itegerezwa kubikora, kandi buri gihe, kugira Igume ari Imana. Yama Ikora ibi, Ijambo RyaYo Ryama Rishika mugihe caRyo. Urubuto rwaYo Yabivye mw'isi. Yabigenjeje Ite? Yarushizehano mw' Ijambo, kandi urwo n' urubuto. Kandi imisi yose igihe gishitse, urworubuto rurera, maze rero hagaca haza ubugorozi. Kandi Yarabisezeranye, navyobigenda ukwo.

Koko, ibi ntivyaribitubereye. Iyi mihezagiro y'Imana ntiyari itubereye, kuko twari twarakurikiye ivy' isi, twagiye mu buzumire bwa Kayini. Kayini, mu kwubaka igicaniro gisaneza n' urusengero rusa neza, agashirako amashurwe, kandi yibaza vyari ivyoneza na neza, "vyari ivyamwa vy'ipome, canke vy' amapera, canke vy'amakomamanga, canke ibindi vyose," se na nyina bari barariye mw' itongo ryaEdeni, bigatuma birukanwayo. N'uko rero acaba arivyo ashikanira Imana, maze Imana Ntiyavyakira.

44 "Ariko Abeli, ukwizera kwatumye aha Imana ikimazi cizakurusha ica Kayini."

N' uyu musu, Bibiliya yavuze muri Yuda, ngo "Biroha mu nzira ya Kayini; bagahonera mumugararizo a Kora." Murabona, "Biroha mu nzira ya Kayini," mu kubaka ibicaniro, mu kwubaka amashengero, amadini, mukuyasharirisha amashurwe, ayahambaye, abanywanyi benshi gusumvya ayasigaye yose; mu kwinjizamwo ibintu vyishi, buri ikije cose maze kigasimbagurika, canke kigahana ukuboko, canke kikabatizwa muburyo kanaka, canke kikavuga mu ndimi, canke kikiruka hirya no hino, bacabashira amazina yabo mu gitabo. Ivyo ni vyo. Hanyuma bahindukira, Ukuri nyaKwoKwigishijwe, bagaca baGuhakana. Ivyo bishika gute? Ni mwihweze, ese akajagaritwari turimo! Mwiheze.

Bibiliya nayoyavuze iti "Kandi bajanye izira ya Balamu, maze bahonera mu mugararizo wa Kora." Bahoneye mu mugararizo! Umugararizo wa Kora vyari ibiki? "Burya, wibaza kw'ariwewe wenyene

wera? Emwe, ab' Imana...Twese turi abera. Ishengero ryose rimezeze. Buri...Kuja hamwe twese, nivyo twari dukwiye gukora" Aho ni ho bahoneye,muri ivyo. Kandi vy' ukuri twari tubikwiriye. Twari tubereye kumera gutyo.

Ariko Imana,Umutunzi w' ikigongwe, Yaradukweze Idukura muri ako kagari Ituma ivyo tubona imberey' uko bishika hano. Umutunzi mu kigongwe caYo, maze Yongera kuturungikiraumuvyuro w'ugukira indwara mu buryo bwa Kimana, n'ukuza ubugira kandi kw'Ububasha bw' Imana. Kahise karerekana ko, ata muvyuro urigera umara imyakarengaitatu. Uyu muvyuro wo umaze imyaka cumi n' itanu, wagumye ari umucanwa waka,hirya no hino kw' isi. Kubera iki, kuko twari tubibereye? Imana, umtunzi mukigongwe caYo, si kubera twavyipfuye canke, nako, kubera twari tubibereye. Nimwiyumvire ivyo washitseko vyose!

45 Niyumviriye kuri umwe muri bashiki banyu ba hano nyene i Fonikisi(Phoenix), benshi muri mwebwe murimuzi, umupfasoni Hattie Waldrop, yari afisekanseri yo mu mutima. Maze yari mu murongo w'amasengesho hano igihe twe namweneData Moore twaza ino ku ncuro ya mbere, haciye nk' imyaka cumi n' itanucanke cumi n' umunani. Kandi yari ageze ku mpfiro, n' iyo kanseri yo mu mutima,yonabaye yarapfuye kera. Ariko, Imanaumutunzi w' ikigongwe, Yaciye Irungika Ububasha bwaYo kuri we. Ica Irarokoraubuzima bwiwe, kandi ni muzima uyu musu. Imana Umtunzi w' ikigongwe!

UmukenguzamatekaUpshaw, umuntu ahambaye. Nibaza ko yari umuyobozi, canke urwego kanaka, mu ba—babatisita,mw' ihuriro ry' ababatisita bo mu bumanuko, igihe kimwe, canke icegera c'umuyobozi, canke urwego kanaka. Ntaco atari yarakoze. Yari umuntu mwiza. Yariyakoze ivyo yari azi gukora vyose. Yari yaragiye kubaganga bose. Nta n' umweyashobora kumufasha na kimwe.Yari yaraburaniwe. Abavugabutuma bwari baramusengeye. Nk' indobo yose y'amavuta yari yarahereye ku mutwe wiwe, ayasigwa n' abavugabutumwa b' ahantu hose.

46 Ijoro rimwe, iLos Angeles h'i California, nariko ndaduga nja ku gicaniro, nditegereza umurwiw' udukinga tw' ibimuga twari nk' incuro zibiri, canke zitatu, ugereraniye n'uturi harya, hirya no hino mumirongo, imbere n' inyuma. Maze hari inderuzo aho,yarimwo umukobwa muto w'umwirabure, umwigeme muto w' umwirabure, na nyina wiwe—wiweyari amwicaye impande. Maze mwenewacu yariko arazana abaza mu murongo w'amasengesho.

Niho narikondaraba, ntazi ivyariko biraba. Nca mbona umuganga, yambaye amarori akozwe mumurukaw' ikinyamasyo, yariko arabaga akana k' agakobwa k' uruhu rwirabura, mu muhogo,gaca karakongatara. Nca ndaraba hirya no hino, nibaza nti "uwo mwana ari he?"Sinashobra kumubona.

Haciye akanya, hasihariya, ata vyizigiro, hari agakobwa gato keza gafise nk' imyaka ndwi cankeumunani, kagiye kubaho ubuzima bwako busigaye bwose karakongataye. Kandi nyinawako yari aho ari kumavi asenga. N' uko nca mvuga, "Uyo muganga yarabazeagakobwa kawe," maze ndamudondora.

Aca avuga ati "Ivyoni vyo, mushingantahe."

Aca ageragezakuzana umwana kugicaniro. Baca bamubwira kubiraka. Baragerageza kumutekanisha.Igihe baheza kumutekanisha, nca niyumvira nti "burya, turaza kuronka akaryo kokumusengera." Muminota mikeya...Kumbure aha nyene hariho abantu bari bahari iryojoro.

Maze narikondaraba, ncishije amaso hejuru y' ikoraniro, nca mbona ako gakobwa karikokararagenda, ahantu hasa n'a—akabarabara kaga, gafise igipupe mumaboko, kazungagizaico gipupe. Nahoumuganga yari yavuze ko kazoguma gakongataye ubuzima bwako bwose; ImanaUmutunzi w'ikigongwe yararungitse Mpwemu Yera, biciye mw' iyerekwa, kandi akogakobwa kaciye gahaguruka aho kari, maze be na nyina bafatana ukuboko bamanukamuri uwo murongo bahimbaza Imana.

47 Inyuma hariya, hari hicaye umutama, umukenguzamateka Upshaw,benshi muri mwebwe murazi intahe yiwe. Yari yabaye Umuntu mwiza, arageragezaubuzima bwiwe bwose, imyaka mirongo itandatu n' itandatu ari mu gakinga k'ibimuga, bamusunika ari mu gatanda, amabekiye mu maboko ayo yatambukirako,ntiyokwigeze asubira gutambuka neza. Maze yari yicaye aho, araba ivyo. Aho rerobukwi na bukwi, ndavye nca mbona iyerekwa. Yariko araza atambuka yambukiranyaca hejuru y' ikoraniro, yunamitse umutwe, atambuka neza nk' uwundi muntu wese.Sinari nzi uwo muntu uw' ariwe.

Mvuga nti "Hariumuntu ahambaye yicaye hariya inyuma. Yakorotse ari mw' ibehewa igihe yari umuhungu muto, kunkorofani itwara ubwatsi, maze ababara mu mugongo. Baratoboye hasi munzu kugiraintoboro zo kugabanya ukunyiganga kw' isi igihe abantu baba bariko baratambuka,ngo ntibibabaze umugongo wiwe." Nti "Acitse umuntu ahambaye, kandi agumaarushiriza kuba uwuhambaye. Yicaye mu mugwi uhambaye ku Maze haca hazaumuntu arambarira, ati "Uwo n' umukenguzamateka Upshaw. Wari umaze kumwumva?"

Nti "Ntawe naribwumve."

Hanyuma rero acaajana aka mikoro gatoyi hariya inyuma baca baraganira, bishurana.

48 Maze ntangura kuraba hirya no hino, nca mbona uwomukenguzaamatekaw' umutama ariko araza, atambuka angana, mw' iyerekwa, neza na neza ameze nezacane uko bishoboka kwose. Imana Umutunzi w' ikigongwe, Yaramukweze Imukura muriako gakinga k' ibimuga, aca aratambuka atamabekiye gushika umusi yapfiriye. Imanaumtunzi w' ikigongwe! Igihe abaganga bari barananiwe, igihe ubushakashatsibwari bwarananiwe, igihe ibindi vyose vyari vyarananiwe, Imana Yabaye umutunziw' ikigongwe ku mukenguzamateka Upshaw.

Niyumviriye kurijewe nyene. Aho nari agahungu gato ka kera, ndibuka aho...Abantu uyu musi banyita "Uwanka abagore". Icabitumye n' uko nabonye ugushira isoni kwinsi mu bagoreigihe nari umwana. Narabanka. Kandi ubu sindabanka, kuko ndazi ko hariho bamwebameze neza. Yamara ndibuka ingene vyari bibi cane, biteye isoni. Nacaniyumvira nti "yemwe, si—sinzigera mba aho abantu bari. Ntamashuri nfise, rerosinzigera ndayagira.

49 Ndi umwana muto wa kera nicaye aho, ata n'ishati nambaye, ikoti yanje ifunze hose nk' uku, na kagakwashu ko kuyibuza kwiyugurura, kandi hari hashushe vya nya vyo. Mazeumwigisha aca avuga ati "William, ntushuhiwe n' iyo koti?" Nti "Oya mwigisha, Numva nkanye buke buke." Aca antegakukaja hafi y' iziko maze ashiramwo inkwi, nari hafi gutokombera. Kandi nta shati na—nari mfise icogihe cose.

Maze niyumvira nti "Iyabanoronse amahera, igihe kimwe noyaronka na makayi, noca nigurira ya nkohobashiramwo amasoro n' intoke" nariguca nza ino muburengero nkaca nibera inompiga, ubuzima bwanje bwose. Sinari nkeneye ikimpuzi n' abantu. Nashakakubaguma kure, kuko ntibanshaka, na—nari guca ndabigira kure.

Kandi rero igihe cose naja mu gisagara, kuganira n' umuntu kanaka, nkabona abantu nzi, kw'ibarabara. Naravuga nti "Mwaramutse, John na Jim! Amakuru?"

"Ewe,mwaramutse."

Murabona,ntibashaka kumvugisha, ntibari bakeneye ico duhurirako nakimwe, kubera data n'abagenzi we bakora kanyanga. Kandi jewe ntayo na—nakora. Ntivyava kukintu nakimwe nakoze. Rero nari kumera gutyo.

50 Ariko ubu nta gihe kihaciye namye mbwira umugore wanje nti "Uruhomerwanje rumanitseko inkoho nziza za mbere mu zigurishwa zose." Yoo, mazenkiyumvira kuri za mpuzu zicafuye za kera. Uyu musi nfise ikositime nzizazibiri canke zitatu. Abagenzi bo ntabonfise? Binsaba kwinyegeza mugahinga,kugira nshobore gutandukanya n' abantu. N' ibiki, mbega ni kubera nd' umuntuahambaye, mbega ni kubera amashuri nize? Eka. Imana Umutunzi w' ikigongwe,Yarambonye merewe ukwo maze Irankiza.

Ndibuka ngendabanfashe ukuboko, nk' impumyi. Sinashobora kubona. Ibintu vyose imbere yanjevyari igipfungu; nari kuguma nd' impumyi ubuzima bwanje bwose. Ariko, Imanaumutunzi w'ikigongwe, Yaransubije kubona. Nfise imyaka mirongo itanu n' itanu,kandi ndacabona neza. Imana umutunzi w'ikigongwe nico kintu conyene nshoborakuvuga.

51 Igihe kimwe ishengeru nzira yategekanijwe kubwo gukiraindwara ryari rifise. Hari iyo bari bafise, yamara bari barayishibuye. Ariko,Imana umutunzi w'ikigongwe Yarabarungikiye ingabie yo gukiza indwara mu buryobwa Kimana. Iyo ni Mpwemu Yera hagati yacu, Yemeza Ijambo biciye ku bimenyetsobirikurikira. Imana umutunzi w'ikigongwe!

Ndafise hanoimpapuro zibiri canke zitatu z' ivyo nanditse, ariko sinza kuzikomakoma, kukonda—ndazi ko igihe co gutangura wa murongo w' amasengesho cegereje. Ariko Imanaumutunzi w'ikigongwe! 137 Benshi murimwebwe muri ngaha iri joro, abaganga barabakuyeko ibiganza. Hari abantu bicayemuri twa dukingira tw' ibimuga, kumbure ko batazigera batuvamwo. Bazotugumamwo.Bamwe muri bo, barakongataye mu buryo butandukanye, bo (ntibokwigeze)ntiboshoye kutuvamwo, nta buryo bwo kutuvamwo bafise.

52 Yamara Imana umutunzi w'ikigongwe, Yarashizeho imponyano.Ntimuyanke. Ni muyakire. Hari abantu aho bafise indwara y' umutima, hariabafise amakanseri, ayo abaganga badashobora gukorako na kimwe. Mw' isi ntavyizigiro,ntabufasha muhafise.

Yamara, Imanaumutunzi w'ikigongwe, Yarungitse Mpwemu Yera, kandi Iri hano nyene kugiraYemeze Ijambo, ngo yerekane ko uko Yar' Ir' ejo, n'uyu musi ariko Ikiri, ni kwIzokwama ibihe bidashira. Mbega ni kubera tubibereye? Kubera Imana ari umutunziw'ikigongwe! Amen. Rero uwo ni We, ni We Muperesona, n' Umwami Yesu. S'Uwapfuye, ariko Yarazutse mu bapfuye, kandi ni Muzima ibihe vyose.

Uko Yar' Ar' ejo,n'uyu musi ni kw Akiri, ni kw Azokwama ibihe bidashira, Aracari Umutunziw'ikigongwe neza na neza nk' uko Yari kuri wamugore yari arwaye ubutinyanka.Aca aza aciye hagati mubantu. Nta mahigwe yari afise, abaganga bari barakozeivy bashobora gukora vyose. Yari arwaye ubutinyanka. Yari mu guhwera. Maze acaakora mumpuzu z'Umwami. Imana umutunzi w'ikigongwe, Yaciye IhindukiraIramubwiira uko yari amerewe. Aca arakira iyo ndwara y' ubutinyanka.

Umusi umwe, umugoremaraya akiri muto yagiye kw' iriba, kuvoma amazi. Ata vyizigiro. Yariyarirukanwe mu nkumi, akugwa mu bantu, ubuzima bwiwe bwari bwarafutanye. Mazeariyumvira ati "Vyomara iki kugerageza? Naranswe, ntaco nsigaje." Arako aravye, abona uwuhagaze impande, nako uwicaye kuruhande rumwe rw' iriba, hari hicaye Umuntu Yamubwiye ivyo yigeze gukora vyose, Imana umutunzi w'ikigongwe.

Iyo Mana nyene, irijoro, ni neza na neza Umutunzi w'ikigongwe, ni Ir' uko Yar' Iri nk' uko Yarikiriya gihe. Ima Umutunzu. [Agace katavuga kuri bande—Umw.]

53 Nibaza ko dufise hafi amakarata y' amasengesho amajana abirihano, canke izo twahamagaye mur' izo amajana abiri. Tugira tuzihamagare mazeabantu batonde umurongo. Turaza kubasengera.

Ariko imbere y' ukotubikora, hoba hariho abo ari ubwa mbere baza hano, kugira twikureko ivy'amangetengete. Ibi s'amangetengete. N' ukwigaragaza kw' isezerano ry' Imana. Bivana n' icushinze ijisho. Nta nkomezi ziri mu muntu n' umwe. Nta nguvu ziri mu muntu n' umwe. Yamara twebwe, nk' abizera turafise ububasha.

Hari uwambajije, nta gihe kihaciye, ati "Mwene Data Branham, uribaza ko ufise inguvu zo gukora ibi?"

Navuze nti "Nta nguvu na zike nfise, arikondafise ububasha." Uwizera wese arabufise. Niwabwanka, uzoca ugumaahuri. Ariko niwabwemera, buzokora ibirengeye cane, kuko Imana n' Umutunzi w'ikigongwe.

54 Fata nk' umupolisi, ahagaze aho kw' ibarabara, impuzuzihakwa kumuroka, yonze cane. Inkofero yiciye kumatwi yiye. Aga aja harya aho imodoka ziriko ziragenda muri iryo barabara, ku muvuduko w'amamayili mirongoitanu [ibirometero 80—Umus.] kw' isaha, zifise imoteri y' inguvu z' amafarasi amajana atatu. Nta n' inguvuzohagarika ikinga agira. Ivyo nivyo. Yamara n' avuze gusa irya firimbihama aduze ukuboko, maze wirabire ingene amafire afyondwa. Nta nguvu afise, yamara afise ububasha. Igisagara cose kiramushigikiye.

Kandi igihe umugabocanke umugore, uko woba umerewe kwose, urafise ububasha bw' Imana, biciye kw'isezerano, kubera Yo Ari Umutunzi w' ikigongwe kandi Yasezeranye gukora ibirengeye cane. "Ni wabwira uyu musozi, uti 'shinguka', hama ntubikekeranye mumutima, ariko ukizera koi co uvuze gikorwa, uzobona ico wavuze gishika." Nta nguvu ufise ariko, arikoufise ububasha.

Ndibuka hariya, igihe Yambwira Ati "Uzoshobora gushira ahabona amabanga yo mu mitima." Kuko We... Muravyibuka, benshi muri mwebwe bantu b'i Phoenix? Yarabisezeranye. Ico Isezeranye iragikora.

55 Ubu rero hari bamwe muri mwebwe hano mutagira amakarata y' amasengesho, kandi nta nkeka. Ni bangahe barwaye kandi batagira amakarata y' amasengesho, muduze ibiganza? Ata nkeka. Nta kibazo. Niba mwifuza kumenya ko atari ububasha... atari inguvu, yamara ari ububasha bw' Ijambo, "Ibikorwa Nkoranamwe Muzobikora."

Yesu Yarasezeranye muri Luka 17:30 ko neza na nezimbere y' ukuza kwi We hobayeho igihe nk' ica Mose... nako Nowa, "Aho baryabakanywa, kandi bakarongora; kandi ntibabimenya gushika umusi Nowa yinjiriye mubwato." Yavuze ko hobayeho ico gihe. Maze Yarongeye Ati "Nk' uko vyari bimezemu misi ya Loti," kandi Ati "Ivyo bizoshika muri ca gihe Umwana w' umuntu Azohishurwa, igihe Umwana w' umuntu Azohishurwa mu misi y' iherezo."

56 Murabe rero ivyo Ya, ingene Umwana w' umuntu Yihishuye mw' ishusho y' uwo Mumarayika, Akaba Yari wa Mwana w' umuntu. Ata nkeka. Aburahamuyamwise "Elohim." Yari wa Mwana w' umuntu Yihishuye, neza na neza imbere y' uguturirwa kw' isi y' abanyamahanga. Yabigenjeje gute? Ku wizera, ku wigieauwizera, Yarungitseyo abavugabutumwa babiri ngo bababwire Ubutumwa. Yamara kuwizera nyawe, Yahagaze ahaye umugongo ihema, Aca Avuga Ati "Aburhamu." Yari Aburamu umusi... imisi mike imbere y' aho. Ariko ubu Yari Aburhamu. "Umigore wawe, Sara ari he?"

Ati "Ari mw' ihemanyuma ya We."

Ati "Ngiye kugushitsako isezerano rya Nje." Ngiye kuzokugendera.

Ôo, Aburhamu yari amaze imyaka ijana, Sara nawe yari afise mirongo icenda; ariko Imana, Umutunzi w' ikigongwe, Yarashikije isezerano rya Yo. Vyacyiye bizana umwana, kuko Imana ari Inyembabazi, kandi Yo Yuzuye ikigongwe. N' Umutunzi w' ikigongwe. Irashitsa isezerano rya Yo.

57 Mwihweze, Ihaye umugongo ihema, Sara yaratwenze avuga ati "Ivyobintu vyoshoboka bite? Ndamaze gukecura. Noba nkigomba umugabo, nk' umugore akiri muto? Erega, afise imyaka ijana. Imigenderanire yacu y' abubatse, yahagaze kera haciye imyaka myishi. Ivuho bintu vyoshoboka bite?" Maze aca arabitwenga.

Maze Umumarayika Yari... wa Mwana w' umuntu Yari Ahaye umugongo i—ihema Aca Avuga Ati

“N'ikigitumye Sara atwenga, akavuga Ngo 'ivyo vyoshoboka bite?’”

Vyari ibiki? YesuYavuze, muri Luka mutagatifu 17:30, Ati “mu gihe bizomera nko mu gihe ca Loti,” bimeze co kimwe, imbere y' uko isi y' abanyamahanga iturirwa, Yavuze Ati “Umwanaw'umuntu Azokwihishura muri ico gihe.” Yatanze rya sezerano, iryo Malaki 4 harihadusezeraniye ko yovuze. Hoje Ubutumwa bugarukana abantu ku butumwa bwapentekoti bwo ku nkomoko, hamwe na ya mihezagiro nyene bafise ku musu wa...N'iki? N' Inkona ifise amababa abiri, Isezerano rya kera na Rishasha, itatabirizaicarimwe amasezerano y' Imana, gw' ishitse ic' amasezerano ya Bibiliya yavuzeko coshitse. Amen.

58 Imana Umutunzi w' ikigongwe, ntiYari kureka ihanga ryaYo ngorije muri iki gihe ca Lawodikiya c' ikinyedini kandi “c' igitungi kuvy'ibidandazwa n' ibintu vy' iyi si,” yamara Yari guca icanzo. Bantu, nimuvyizere. Imana Ibahezagire. Amen. Imana Umutunzi w' ikigongwe! Ikigongongwe c'Imana, nico kintu nipfuzwa conyene. S' ukugoroka kwaYo, kandi s' icagezwe vyaYo; yamara ikigongongwe caYo nizo nsaba. Mana ngirira ikigongongwe! Twese turiyumvank' uko.

Nariko nditegereza. Hariho umukenyezi muto yicaye harya kumpera y' intebe. Hari ikarata yugusengerwa ufise aho, ga mupfaso? Ntayo ugira. Reka ndabereke ko Imana AriUmutunzi w' ikigongwe. Ntagihe kihaciye, waragize umutima uhagaze koko, sivyo? Vyari bibi pe, kandi n' amaso yawe yarasinzikaye. Sivyo? Nivyo. Ubu rero agiyeguhinduka. Imana Umutunzi mu kigongwe caYo, mu kukubaza niba wizeye ibi. Reronta karata yo gusengerwa ufise, ntanakimwe ufise; ariko ntayo ukeneye. Urabona, n' ubuntu bugushitseko.

59 Harya hicaye umuntu mutomuto, yicaye aha imbere afise i...yicaye neza na neza aha. Arwaye ikivyimba ku mubiri wiwe. Kihaje vuba, nta gihegiheze. Mbega ivyo sivyo ga mushinganta? Nivyo. Ntuzi ico ari co. Kiraguteye ubwoba. Niko biri. Catewe n' ugukunguka, si vyo? Hari ikarata yo gusengerwa ufise? Ntakarata yo gusengerwa ufise. Ntayo ukeneye. Imana Umutunzi mu kigongwe caYo!

Yoo, mweneData, mushikanje, izere Imana! Ntuyikekeranyeko. Yizere! Nivyo. 162 Hari umuntuyicaye ngaha, yambaye ikositime isa n' umunyota, yambaye amarori. Raba hano, mushinganta. Urizeye? Imana n' Umutunzi mu kigongwe caYo. Wicaranye aho ikivyimba co munda (hernia). Urizeye ko Imana Ishobora gukiza iki kivyimba Ikagukiza? Wicaye ngaha nyene ku mpera y' intebe, uriko urandaba. Niba wizeye ko Imana Ishobora gukiza ico kivyimba, Imana Irabigukorerwa niwavyakira. Urizeye? Uravyakiriye? Neza cane. Urashoborakubironka ukire kuvyizera gusa, urironkera imbabazi. Egome mushingantahe.

60 Hari umupfasoni ari hano, arwaye ukudatembera neza kw'amaraso mu mubiri wiwe. Ariko niyizera, Imana Iramukiza, niba avyizeye. Ndibazako aza kubihusha, nta nkeka. Gira ikigongongwe, niryongesha ryanje. Uwo mugore ndabona ibikekeiryiwe..., mupfasoni Reley, urizera ko Imana Ishobora gukiza uwo murindiw'amaraso? Niba ubishaka, vyakire! Amen. Izere gusa. Imana ni Nziza, sivyo gaStella we? Egome. Nivyo. Sinari bwigere mbona uwo mugore mu buzima bwanje. Ariko, Imana mu kigongwe caYo.

Hari umukenyeziyicaye aha, neza na neza inyuma ya harya, neza na neza inyuma, arako arandabaantumbereye. Nawene afise umurindi w' amaraso mubi nyene. Yariko aravyiyumvirako muri karya kanyanyene. Sinari bwigere mbona uwo mukenyezi mu buzima bwanje. Bivanye n' uko uyuwundi mukenyezi yari afise iyo ngorane nyene, n' undabe. Urizera ko nd'umuvugishwa w' Imana, canke ko nd' umukozi waYo? Urafise n' indwara y' umutima. Niba ari vyo, duza ikigiganza. Ubu ntayo ugifise. Imana Umutunzi mu kigongwecaYo, Iriko Irerekana ko ari Nzima, aha muri nyubakwa, kuri uno mugoroba. Imana, Umutunzi mu kigongwe caYo! Amen.

61 Hoba hari, n' abanyavyaha bangahe n' abasubiye inyuma, mwoshobora guhaguruka mukavuga muti “Mana, Mutunzi mu kigongwe caWe, ngirira ikigongwe?” Ni muhaguruke. Ndabasengera, niba mwizeye ko Ishaka...niba mushaka imbabazakano kanya. Imana Ibahezagire. Imana Ibahezagire. Imana Iguhezagire, wewe. Wewasubiye inyuma, haguruka. Imana Umutunzi mu kigongwe caYo! Mwoba—mu...

Ata nkeka, ntimurakongatara, kubera ivyo murimwo, kuburyo mutoshobora kubona ko iri arineza na neza isezerano ry' igihe. Ata nkeka, ntimwatwikiriwe n' idini, n'ibindi bintu, kuburyo mutoshobora kubona ko iri ari isezerano ry' igihe. Imana Umutunzi w' ikigongwe.

Uwo wese yariyahagurutse, ngire nsenge mukanya. Ndashaka ko mwoja mw' ishengeru kanaka ry'ubutumwa bwiza bwuzuye maze—maze mu—maze mubatizwe umubatizo rukristo, Imana Izobahe Mpwemu Yera.

62 Hariho uwundi yohaguruka, akavuga ati “Jewe, ndashakakwibukwa. Mana, mu kigongwe caWe, Nyibuka. Sinabayeho nk' uko nategerezwa. Kumbure...”? Imana Iguhezagire, mupfasoni. Imana Iguhezagire nawe. Imana Iguhezagire. Imana. Iguhezagire. Imana Iguhezagire. Ivyo nivyo. “Imana Umutunzi mu kigongwe caYo, Ingirire imbabazi.” Imana Iguhezagire, mushiki wacu. Hari...

Ni bangahe bandibari hano, bavuga bati “Ndahagurutse. Ndashaka kwereka Imana ko nkeneye imbabazi. Sinabayeho ngororotse. Nabayeho uku na kuriya. Nagumye ngwa mvyuka, ariko

ndashaka imbabazi zaYo." Imana Iguhezagire, mweneData. Uwundi avuga ati "Imana Umutunzi mu kigongwecaYo!" Imana Iguhezagire, mushiki wacu. Ivyo nivyo. Imana Umutunzi mu kigongwe caYo! ImanaIguhezagire, nawe. Imana Iguhezagire hariya inyuma. Imana Ibahezagire.Nimuhaguruke gusa.

Ugira uti "Mbegaivyo hari ico bikora, ga mweneData Branham?" Cane nyene. Haguruka mazewibonere ingene harimwo ubudasa.

Nimba ushimitse mu mutima, Imana n' Umutunzi w'ikigongwe. "ntIgomba ko hagira abahona, arikwIgomba ko bose bihana." Imana Umutunzi mu kigongwe caYo! Ôo Mana, tugirire imbabazi!

63 Ubu ni bangahe hano, kano kanya bafise ya makarata yogusengerwa? Yari ay' urudome uruhe? A na B, sivyo? Abantu bose bafise amarakayo gusengerwa yama A, muhagarare kuri uru ruhande, hama abafise ama B barazaguhagarara inyuma yabo.

Sinzi ko hariabavugabutumwa kanaka hano boba bifuza kubanguka bakanfasha. Niba bahari,bipfuza kuduga hano, nonezerwa no kuronka intererano ya—yanyu hano, kukotwonezerwa no gusenga—gusengana namwe.

Uku, Bibiliyayavuze ngo "Ibimenyetso bizokwama biboneka ku bizera n'ibi." Ego cane. "Bazosendaabadayimoni mw izina ryanje; bazovuga indimi nsha." Mbega turamaze kubikora?Kubw' Ubuntu bw' Imana; si twebwe, yamara Imana Umutunzi w' ikigongwe mugushitsa Ijambo ryaYo. Imana!

Ubu rero, udukingatw' ibimuga, mushatse mwodushira neza na neza aha imbere; tuza kubasengereraaha nyene, ntibiza gusaba kubakwega bava hariya, muri uwo murongo wose ngaho.Ni..., neza cane, ni baze hano nyene. Turabisengera ata nkeka, umwe wese muritwebwe. Imana Umutunzi mu kigongwe caYo!

64 Mwoshobora guhaguruka kuruhunde rw' i buryo kano kanya, muminota mikeyi? Mbega mweneData Brown mwazananye? [ MweneData umwe avuze ati "Azozaejo"—Umwand.] Azozaejo. Na—na—nari niteze kw' aza kuba ari hano. Mbega,mbega mweneData Outlaw ari he, mweneData Fuller ari he? Bamwe mubari kumwenanje hano, igihe naza ubwa mbere, ni muguruke. Muribuka ya mirongo y'amasengesho yo mu buryo bwa kera, aho twahagarara ngaho kugeza aho vyasabaumuntu angumya ku ruhande rumwe n' uwundi kurundi, ata nkomezi ngifise?

Ni bangahe babayemuri ivyo bikorane, kera mu ntango? Ehe ndabira. Muribuka ko kiriya gihenababwira k' Umwami Yesu Yambwiye ko ninaba uwushimitse, ibi bintu bizoshika.Mbega nivyo? Nta ben' ivyo twari bwarinke ico gihe. Yamara vyarashitse, kukoImana ari Umutunzi w'ikigongwe kandi Ikaba Umwizigirwa kw' isezerano ryaYo.Amen! Ndiko ngerageza guhagarika, ariko birananiye. Amen! Imana Ishimwe!Halleluya! "Yoo, nezerejwe n' uko nd', umwe muri bo!" Amen, yewegayee!

Hari abantu hafi ahantu nka hose

Bacaniriwe mu mitima yabo

N'umucanwa wamanutse kuri pentekote

Wabejeje urabatyorora

Uriko uraka mu mutima wanje kano kanya

Yoo, Izina ryiWe rihabw' icubahiro

Nezerejwe n'uko nshobora kwemeza ko nd'umwe muri bo.

65 Ôo, jewe nari umutindi, narafutanye,umutindi ahumye akenye, nk'uko nari ndi ; arik ubu kubw' ikigongongwe caYo, ikigongongwe caYo kigwiriye, ndavye, ndashobora kubona ubwami bw'Imana. Amen,ese ingene ivyagezwe vyayo biteye igomwe !

Ihagararirengaho mweneData ufise amabekiye. Nib udashobora guhaguruka, ntaco bitwaye, hagarara hano, turamanuka tugusengere.

Kano kanya rero, amakarata y'amasengesho ya A naya B nibatonde aho kurundi ruhande, maze tugiye kubasengera.

BavugabutumwabeneData, ntanekaka, niba mwizera ivyo kurambika ibiganza kubarwaye, muzemuhagararane nanje hano kugicaniro. Tugire dusengere abarwaye.

66 Kuri mwebwe bantu muhagaze muri uwomurongo rero, niba mushobora kwizera kw' ukubaho kw' Imana kuri hano, ko MoemuYera ari hagati yacu kano kanya, Akora neza na neza ivyo Yasezeranye ko Yokoze.Iyaba nfise ubushobozi bwo kubakiza, nari kubikora ata nkeka. Iyo mba nfiseuburyo na bumwe bwo kubakiza, nari kubikora ata nkeka. Ntabwo nfise. Jewe...Imana Yarampaye ingabire ntoy.

Siko nd' umuvugabutumwa wa cane. Nta mashure ahagije nfise kugira nitweumuvugabutumwa, uwitwa umuvugabutumwa muri ino misi, mugihe ivyo—mughe ivyo wacishijwemwo bitegerezwa kubaubunararibonye muvya tewolojiya, kandi utegerezwa kuba ufise impamyabushoboziy' ikirenga kanaka, n'ibindi. Ivyo jewe ntavyo noshobora kuronka. Ariko Imana, Yabonye umutima wanje, kandi Ikaba Yari Izi ko nshaka kugira ico ndaYikoreye, nipfuzza guhimbarwa n'ivyo.

67 Hari umuntu yambwiye, ejobundi ngo "Niyumvira ko uri umuntu mwiza, mushingantahe Branham, ariko nizera ko uri mu kinyoma ariko ntubigirankana. Nturi mu bugombe (bw' Imana) na gato. Urazi ko impera n'imperukaucirwakw' iteka?"

Nacyemvuga nti" Ehe, ngire nkubwire ikintu. Ngire nfate ko wo—ko woba uvugavyo, kugira ngontitwirigwe turaharira. Niba ndi mu kinyoma, naho ntibaza ko ariko biri; ariko iyo mba nari mu kinyoma, nkaba nzi ubu nyene ko ngiye kubaho gushika kumyaka ijana, maze Ikaba Izoncira kw' iteka kw' iherezo ry' urugendo, IkambwiraIti 'ntubereye kuza mw' ijuru ryanje William Branham we. Genda mu mwijima wohanze.' Urazi n'amakuru? NoYikorera imisi yanje yose gushika ngiye, ukwo vyobakwose. Kuko nararonse Imihzagiro yaYomyishi ntari ndayikwiye, ku buryo Indutira ubuzima. Ni vyose, ni..."

68 Ico ndi cose, ico noshobora kwigeranitega kuzoba cose, ndabikura mu buntu n'imbabazi vyaYo. Nari umutindi, narafutanye, nkenye, mpumye, ariko kubw' ubuntu Yarankijije, kandi ndakomeyefise n'amagara meza, kubw' ubuntu bw' Imana. Nfise amaso abona neza. Ndafise gufungura no kunywa, ndaronka ivyo nkenera vyose. Ntiyigeze Isezerana kundonsa ivya nshaka vyose; n'ivyo nkeneye gusa.

Kandi ndamutsenshibuwe kuri wa musu, nkaba nari nzi... Sinshobora kubona aho noba nkwiye kuba. Yamara iyo mba nzibiko ntari mukuri, kandi Imana Ikaba yahisemwo ko nguma mubitari vyo, noshima kuguma mubitarivyo, kuberako nipfuzza gushitsa ubugombabwaYo. Biri uku, ndaYikunda cane, gushitsa aho nipfuzza ko ubugombe bwaYobushika. Rero, ayo n' amajambo aremereye ariko nizeye ko muyafatira mubryocanke mu ntumbero nayavuzemwo. Murabona, nshaka gushitsa ubugombe bwaYo. Hariho ndaYisaba ikintu, Ikazunguza umutwe "oya", ivyo ndabinezzererwa canenk' uko nari kunezerwa iyIba Yavuze "ego." Kuko, imisi yose twategerezwa gusabatuti "ubugombe bwaWe bube aribwo bushika." Oya zaYo ni nziza nka... mugiharibwo bugombe bwaYo, ni neza na neza... Zitarushije cane ego zayo, mugiharibwo bugombe bwaYo. Aho ni mugihe uYikunda vy' ukuri. Amen.

69 Ntaguye gusa kuYivugako, Sinshobora guhagarika. Yoo, Iragaragaracane, Iragaragara cane kuri jewe ! Bagenzi, niYo—niYo vyose ndi, ico nokwigeranshobora kuba cose, ico nokwitaga kuba cose, bishingiye muri Kristo Yesu, Ijambo ryaYo.

Ndakengurukairi joro kubw' igishingantahe ca Mpemu Yera ku Butumwa. Ndazi ko bishobora, hari abashobora kutemeranya navyo, ariko nk' uko nababwiye, hari Ubutumwa negwanabwo. Ikimenyetso caratanzwe, kandi Imana ntIrungika ikimenyetso kugira, gusayerekane ko Ari Imana. Hari Ubutumwa, hari Ijwi ryama rikurikira ikimenyetso. Nta n'umwe atabizi.

YesuYaje afise Ibimenyetso n'utwumiza. YariUmuntu mwiza cane aho Yariko Akora Ibimenyetso n'utwumiza, ariko aho Yatangurakwicara, maze Agatangura kuzana Ubutumwa, "Jewe na Data, Turi Umwe," yewegayee, ivyo kubwabo ntivyari vyo. Murabona? Yamara ijwi ryategerezwa gukurikira ikimenyetso.

70 Mose yahawe Ibimenyetso bibiri, kandiburi kimenyetso cari gifise ijwi. Ni vyo. Naravyigishijeko haracye igihekanaka, ahantu kanaka, Ijwi Ry' Ikimenyetso. Gitegerezwa kugira I—Ijwi ry'ikimenyetso. Ibaimpinduka. Imisi yose niko bigenda. Bitagenze uko, n'ukuvuga ko kitavuye kuMana.

Nihagiraumuntu aza afise igikorwa c'ibango kidasanzwe c'umwihariko, kikaba cemezwa naBibiliya ko ari ic' ukuri, maze uwo muntu akuguma muri ya nyigisho ishaje y'idini, mwibagire. Nta kirimwo ! Imana nta kintu nk' ico Ikora. Ico kintu, nimanu yaboze irimwo imiswa, n'inyo, canke uko mwovyita kwose, haciye imyamirongo ine, mirongo itanu, ukaba ukigerageza kurya ya manu ishaje yakorotseico gihe, haciye imyaka n'iyindi. Abana b' Isirayeli nabo, mu rugendo rwabo, manu nshasha yarakoroka buri nivyo, ntiwashobora kuyiraza.

Ntitubeshwaho n'ivy' ikindi gihe kanaka carenganye. Turiko turya manu nshasha, manu ya vubaivuye mw' ijuru, mu rugendo rwacu uko dutera intambwe.

Twunamike imitwe yacu kano kanya.

71 Mwami Mana Uri ikinyakuri cane, ukubaho kwaWe. Ndiyumvira ubuntu, Mwami. Du—duhejeje kuKubona Ukora vyishi! Twakwumvise Uvuga mu ndimi, tuKubona Uzisobanura, Uciye mw' ihanga ryaWe. Ewe Mana, kuKubona Ukizaabarwaye, Uhumura amaso y' impumyi, Ugatuma ikimuga gitambuka, igipfamatwikikumva, ikiragi kikavuga, ese ingene Uri Imana Ihambaye kandi y' inkomezi!

Kandi rero kubonako wasezeranye ivyo mu misi yanyuma. Naho hariho ukwigana kwishyamba kwo mumubiri, nta kindi vyerekana atar' uko hari Imana nyaYo, ahantu kanaka, y' ukurikoko. Kandi ndasenze

Data wo mw'ijuru, uyu mugoroba, ngo tube abashobora kwumva Imana cane ku buryo tubona ko Uri hano.

Aba bantu bari mumurongo nabo, nibaca muri uwo murongo, Mwami...kuko ibi turiko tubikora kubera twabibasezeraniye. Kandi Wavuze ngo "Ibi bimenyetso bizokwama biboneka kubizera."

Hano hahagazebene Data b' abavugabutumwa, abagabo wahisemwo, amatanguriro y' isi atarashirwaho, ngo bazobe ico bari kuri uyu mugoroba. Ata si Irabaho, Wari Ubizi ko twohagazehano uyu mugoroba, kuko Utagira iherezo.

72 N' uko turasenze, Data Uri mw' ijuru, uyu mugoroba, ngo ababarwaye, bamugaye amaboko, impumyi, bamugaye amaguru, bariwe na kanseri, ivyovarivyo vyose, ni baca muri uyu murongo, batahure ko ya Mana nyene Izi amabangay' imitima Iza kubakiza, ni bavyakira gusa, kuraba gusa bagatahura.

Umuntu yaraba yanzoka y' umuringa nk' umuherezizi... nk' ikintu gikozwe mu muringa gusa, ntiyarigukirana mba, kuko ataba afise ugutahura ico yar' iri.

N' uyu musu Mwami, ni co kimwe. Nibaraba ku ngabire, bakiyumvira ko hari ico ishobora kubafasha, nta gutahura boba bafise. N' iyukwemeza ukubaho kw' Imana kuri hano ngo gukize. Biduhe, Data. Bikorwe mw' Izina rya Yesu. Amen.

73 Ndashaka wa mukenyezi muto avuza ikinanda, aba umukenyeyikanke umugabo, uwo ariwe wese, ahe harya avuze yi ndirbo "Muganga mwiza arihafi, niWe mukunzi wacu Yesu." Niba abishaka, uwuvuza ikinanda uwo ariwe wese. Rero ni...

Ndibuka kimwe mubikorane vyanje vya mbere vyo gusengera abarwaye, i Fortwayne muri Indiana. Umukobwa muto w' umu amishi [Amishin' idini ribuzza abanywanyi baryo gukoresha ubuhinga bwa none nka terefone, umuduga n' ibindi—Umus.] yariko aravuzza ku kinanda "Muganga mwiza arihafi, niWe mukunzi wacu Yesu." Bari banzaniye akana gato kugicaniro, krikamugaye. Maze ndiko ndasengera ako kana, gaca karasumba karanyikura mu biganzagatangura kwiruka kazunguruka kugicaniro. Nyina aca araraba. Nakuru aca atereraigitambara ciwe hejuru atangura kurira.

Maze wa mukobwa w'umu amishi rero, ata na kimwe azi muvya gipentekoti kuko yari uwo mw' ishengerory' aba Amishi; ariko yariko aravuzza. Imishatsi yiwe miremire icirwa hasi; acaaraduga muri Mpwemu atangura kuririmba mu ndimi zitamenyekana, hamwe n'...kandiakajana n' umudiho w' iyo ndirimbo. Kandi amanota y' ikinanda yaramanukaakaduga havuzwa "Muganga mwiza ari hafi, niWe mukunzi wacu Yesu." Amen! Ukoyar' Ar' ejo, n'uyu musu ni kw Akiri, ni kw Azokwama Ibihe Vyose.

74 Ubu rero dusenge kano kanya mugihe...Kano kanya abari ngahomwese dusenge. Mwebwe bantu muriko muraza muri mu murongo, ni twabarambikakoibiganza, mwibuke, Yesu Yavuze ngo "Niba uvyizeye urakira." Muravyizeye? Reroturirimbe, kano kanya. Muganga mwiza ari hafi,

NiWe mukunzi wacu Yesu.

Aravuga...

Duhumize rero mugihe turiko turaririmba

...imitima inezerererwa

Niwumve ijwi rya Yesu

Umudiho mwiza w' aba serafi

Izina ryiza rivugwa n' abantu

...nziza (Data Mana, gendegenda kubantukano kanya) ...iririmba

Ewe Yesu, Uragahezagirwa Yesu.

... mwiza...

Rero uko murengana kano kanya, Ari hano. Umwe wese mu masengesho hiyo aho muri kano kanya, kubw'aba bantu. [MweneData Branham ariko asengera abarwaye, mweneData Borders arabandanije kuririmba Muganga Mwiza. Agace katavuga kuri bande—Umw.]

Mwami, ndizeye, Mwami, ndizeye.

Vyose birashoboka, Mwami Ndizeye.

Ukwo murengana kano kanya, Ari hano. Mwumve ivyo ndiko ndavugaga, nakwo muvyizere ubwanyu. Ari hano. Umuntu wese ari hano aje mu masengesho, kubw'aba bantu.

75 Nimuyirimbane najye.



Ni We avyura imitima imenetse kugira...[Agace katavuga kuri bande.—Umw.]

Mwami ndizeye, O Mwami ndizeye

Vyose birashoboka,

O Mwami ndizeye. Abizeye mwese, muduze ikiganza nk' uku, muvuge muti "Ndizeye." [Ikoraniriro rivuze rirti "Ndizeye."—Umwand.]

Hari umugabo yicayengaha. Igituma nabandanije; mvuga n' uko ari ku mpfiro kubera kanseri. Yishimikiza iyi bekiye. Nta buryo na bumwe yashobora kubandanya abaho atari Imana. Afise kanseri mu mara hose, kandi agiye gupfa, kitabaye ikigongwe c'Imana. Kandi ndifuzaga ko nari gushobora gusa... [Agace kagaragara kw' ibande—Umwand.]...amajambo yo kumutera intege kuri uyu mugabo.

Wewe, urazi koabaganga ataci bashobora kugufasha ubu. Warabirengeye, urabona. Kandi u... usigaranye amahirwa amwe gusa, nayo n' ayo muri Kristo, urabona. Kandi, mweneData u... nzopfa umusi umwe, na jewe. Uzotegerezwa kugenda Yesu niyabaagitebaganye. Nzotegerezwa kugusangayo, mpararare imbere y' intebe y' imanza. Kandi iri joro...

76 Urazi nka kuryo kwo muboneshakure, imboneshakure yaratoryeko igihe cose tunyiganga n' aho rwoba urutoke, buri kantu kose, karafatwa amasanamu. Ijambo ryose tuvugaga rirafatwa. Rero, urabona, imboneshakure yaragaragajye ivyo. Rero, imboneshakure ntiyiremera amashusho, ic' ikora gusa n' ukurungika uso mupfunda mboneshakure. Murabona, s' ayo yikorera. Hariho imboneshakure aho Adamu yagendagenda kw' isi, hariho imboneshakure aho—aho Mose yajabuka ikiyaga gitukura, harho imboneshakure aho Eliya yaribukuye musuzi Karumeli, murabona, ariko ubu barayigunduye gusa. Murabona? Kandi ubu rero aho hosejewe...

Buri ntambwetugira, na buri jwi, biba biriko birafatirwa kuzohura natwe mu Rubanza. Burintambwe dutera dutegerezwa kuzohura nayo hariya. Nategerezwa kuzishira kubw' amajambo ndakubwira nk' umuvugabutumwa. Nategerezwa, kuko Imana Izobimbaza.

77 Rero, iyo mba ndabishoboye nari kugukiza; kuko usigaranye umwanya muto, hatabayeho aha Imana. Ubu rero, namanutse, ndagusengera ukonashoboye kwose. mweneData, ikintu cose kibaho, nashobora gukorera umuntuyicyaye ngaho amereye ukwo, nogikora.

Kandi reka nkubaze, urabona. Wa—wa—waramaze gukira, kubera Yesu Yaravuze ko wokize. Urabona, "imishishaguyi We niyo yagukijije." Ubu rero iyaba woshobora, n' umutima wawe wose kwakira ivyo, ntiwopfuye ubu, ariko wobayeho.

Rero, murabona, kano kanya turazi ko imboneshakure iriko iraca muri iyi nzu. Turabizi. Ntituyibona. Ntidushobora kuyibona, amaso yacu sico yaremewe, inzira nyumvirozacu ntizishobora kuyifata. Bisaba icuma categuwe, canke ikindi ic' arico cose, ikiyo c' urubone, kugira uyifate.

Ni nk' uko Imana Iri hano. Ntituyibona ariko turazi ko ariho Iri. Yesu Aracari Wawundi. Itegereze, Ahejeje kw' iyerekana We nyene, uko Abikorera. Rero, aho gukiza kuvakugera, iyo Aba Ahagaze aha nyene kano kanya, nta kiruta Yari kugukorera, urabona, nta kindi kintu. Iyo Umwana w' Imana, Aba Ahagaze aha nyene, kandiniko biri, Ari hano, ariko ntakiruta yashobora kugukorera, kuko Yamazekw' iyerekana hano. Urabona? Kandi Ari hano ubu nyene, Akiri Wawundi, ngo Agukize Aguhe amagara meza.

78 Kandi uryamupfasoni muto ari harya yambwiye ati "Wasavye umuhezagiro, hama uravugishwacanke ikintu nk' ico," kubwiye, ngo azoronke umwana, yicaye muri karya gakingak' ibimuga. Kandi vyarabayeho, yararonse uwo mwana.

Ubu naho umupfasoni yicaye aha. Yarabazwe umwingo, bica biramukongataza. Koko, bene ivyo turabibonabishika kenshi. Ubu rero, mushikanje mutoyi, ndazi ko uri umukristo nyawe. Icatumye Imana Ireka ngo wicare hiyo ntaco nzi. Ndibaza, kumbure ni kuberaufise... Ukwizera, u—uriko uragerageza kugira ukwizera, kugira uve ngaho, urabona; ariko raba ubu rero, reka ntitugerageze kukugira gusa, tukugire ubunyene, urabona, tu—turaza kubishikako ntakindi. Ico nico gihari co nyene, bigiye gutangura ubu nyene, kandi tugiye kugira amagara meza. Namwe bantu murimuri izo ntebe, ico, canke—canke ico muri cose, mwibuke gusa ko Kristo Ari ho Ari.

79 Ubu rero ugira ngo "Hari umuntu ahari, urabona ko ishushoyanje iriko iraza." Emwe, Egome.

Wanashakan' amajambo ya Yesu Kristo, Yavuze aho Yari ngaha kw' isi, ariko araca muri iyinzu nyene. Ntiyigera apfa. Nibangahe bazi ko ukwo ari ukuri kwemezwa n' ubushakashatsi? N' ibiki, ga? Maze Mpwemu Afata rya Jambo ryanditswe, Akarigira Irigaragara. Ôo, Ubwiza!

Ari hano. Ari hanoneza na neza, Umwami. Gusa, tu... Twarabonye vyinshi cane, Yarakoze vyishi cane, gushika ku rugero tumeze nk' aho, murazi, tumeze nk' aho umengaturabitsitarako. Iyo tuba twari gutahura, atari ikintu c' umugani kanaka, canke jambo kanaka ryo muri tewolojiya; ariko ikimenyamenya

ko Yasezeranye koYokwigaragaje muri kino gihe, ngUyu Ariko Aravyemeza hano nyene imbere yacu ubunyene. Ese ingene ari ikintu c' akaroruhore! Mbega s' akahorurore?

80 Ni mwizere rero. Muravyizera? Izere ko utagiye gupfa. Ugiyekubaho, kandi ugiye guhesha icubahiro Imana. Ugiye guhesha icubahiro Imana. Uramaze kubatizwa? Uri umukristo, mbega ni vyo? Uri n' umukristo. Koko, ushaka kubaho kubw'icubahiro c' Imana. N'uko rero genda ubeho, mwene Data. Mw'Izina rya YesuKristo, baho!

Nawe, mushikanje, urashaka gutambuka kubw' ishimwe ry' Imana, no kwitaho umwana wawe; n' uko rerotambuka, mushikanje, mw' Izina rya Yesu Kristo!

Mwebwe, mwese, nimugire co kimwe, mw' Izina rya Yesu Kristo! Ntimwibagire iyi hoteri Westward Hohano iri joro, ukubaho kw' Imana kwemejwe hano. NtIrobanura abantu ku butoni. Igomba gusa, ko mwizera. MuraYizeye ubu? Amen. Imana Ibahezagire.

Twunamike imitweyacu, kano kanya. Sinzi uwo bahisemwo ko—ko aheraheza. Mwene Data Mushegian ngaha, ingo hano nyene, mwene Data. Agira aheraheze mw' isengesho. Imana Ibahezagire.



[www.messagehub.info](http://www.messagehub.info)

Ubutumwa bwa  
**William Marrion Branham**  
"...mu minsi y'ijwi..." Ivyah 10:7